



EDUCANDO POR LA VIDA
Calle Anibal de Espinosa #352,
Villas Agrícolas, Santo Domingo, Rep. Dom.
Teléfonos: 809-681-1515 / 809-245-4336
coin@codetel.net.do / www.coin.org.do
f Orientación Investigación Integral



Al servicio de las personas y las naciones

REVEYE KONSYANS SOU DWA MOUN POPILASYON VILNERAB YO



Smith Maximè ki fè adaptasyon liv alfabetizasyon jiridik Ruth Henríquez Manzueta José Luis Morillo Frías
Carlos Pimentel Florenzán

Sa ki anndan liv la

**Prezantasyon
Kòman itilize liv la?**

MODIL I **4**
Dwa Moun. Konsèp/mo. Listwa. Mak fabril. Nòm. Defansè.

MODIL II **13**
Popilasyon vilnerab yo. Dwa egal ego. Konsèp/mo. Dwa yo. Prensip ki kadre dwa popilasyon vilnerab yo. Dwa tout LGTBI yo ansanm. Dwa travayè ak travayèz seksyèl yo. Dwa moun k ap pran dwòg. Dwa moun andikape yo. Dwa migran (moun ki vin tabli nan yon peyi). Dwa jèn yo mete deyò nan sosyete a.

MODIL III **46**
Sistèm nasyonal pou pwoteksyon dwa yo. Antite ki bay asistans. Rekou jiridik pou pwoteksyon ak garanti dwa yo. Konvansyon entèamerikèn an. Komisyon Entèamerikèn Dwa Moun. Kou Entèamerikèn Dwa Moun.

BIBLIOGRAFI

ANEKS
Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun.
Fòmilè pou prezantasyon yon petisyon devan Sistèm Entèamerikèn Dwa Moun yo.

Prezantasyon

Liv alfabetizasyon jiridik sa a fè pati angajman Sant Oryantasyon ak Rechèch Entegral (COIN an Espanyòl) ak Koalisyon Kominote Vilnerab yo nan Karayib la (CVC) te pran. Yo ki, nan eksperyans ak travay yo ap fè san rete, te wè nesosite pou bati yon enstriman, ki gen ladan l zouti pedagogik, pou gide popilasyon vilnerab yo. Epi yo menm, kote pa yo, p ap sèlman plenyen pou vyolasyon dwa yo sibi, men tou, yo ap gen kapasite pou pote ka sa yo devan tribinal nan nivo nasyonal ak entènasyonal.

Liv alfabetizasyon jiridik sa a mete nan men tout popilasyon vilnerab yo yon enstriman ki chita sou reyalite a, ki ranmase fondalnatal dwa moun, konstitisyon ak lwa nan peyi Ayiti, divès konvansyon entènasyonal ki kòm prensip inivèsèl ap defann dwa popilasyon sa yo.

Zouti sa a vize gide popilasyon vilnerab yo devan difikilte yo ap rankontre. Li vize tou kontribye pou yo ka genyen yon pi bon aksè lajistis kòm garanti tout lòt dwa yo.

Liv alfabetizasyon jiridik sa a pral sèvi kòm referans pou fòmasyon lidè fanm ak lidè gason nan pwosesis COIN ak lòt òganizasyon kominotè ap devlope. Lidè sa yo ap genyen prensip ki nan baz sou dwa moun popilasyon vilnerab yo. Sa ki ap kite yo ak posibilite pou yo avanse nan pwosesis pou defann ak reklame dwa yo. Liv sa ap ede yo nan fòmasyon ak bon konprann pwosesis jiridik yo pou yo ka tounen moun k ap multipliyè sa yo te aprann nan kominote yo.

Liv alfabetizasyon sa a divize an 3 moso. Premye a pale sou dwa moun, enstriman pou pwoteje ak garanti yo. Dezyèm nan sou popilasyon vilnerab yo, konsèp/mo, lwa yo, gid kesyon ki poze souvan yo. Twazyèm nan li menm, pale sou regleman yo, resous ak pwosedi ki gen pou wè ak lajistis pou pwoteksyon dwa yo nan nivo nasyonal ak entènasyonal.

Objektif jeneral

Kontribye nan fòmasyon ak konpreyansyon pwosesis jiridik yo, pandan n ap ranfòse popilasyon vilnerab yo pou yo ka fòme pwòp tèt yo yo menm, yonn ap fòme lòt ak miltipliye fòmasyon.

Kòman pou n itilize liv sa ?

Liv sa a fèt pou fòmasyon moun, pou moun fòme tèt yo yo menm, pou moun ki nan menm gwoup fòme yonn lòt ak miltiplikasyon fòmasyon an. Sa vle di, yon pati ki enterese ka sèvi ak li jan li vle. Toulede demach yo kapab aplike. Lide a se pou patisipan yo ka li liv la pou rafrech memwa yo epi ranfòse konesans yo, apre chak pwosesis fòmasyon.

Liv sa a ap itil yon fason espesyal paske li ap chache konstui yon vizyon diyite, egalite ak jistis kòm poto mitan/pilye ki soutni dwa moun yo, dwa moun genyen paske sèlman yo se moun. Dwa yo dwe respekte epi garanti devan moun ak ajan Leta. Si yo itilize l nan bon fason pou moun aprann, yo ap jwenn egzèsis pratik ki ap pèmèt yo pi byen devlope sa ki ladan l. Si genyen nenpòt dout, chèche sipò nan dokiman ak enstriman legal liv la pale de yo. Wi, li enpòtan pou fasilite yo sonje ranfòse mo kle ki detaye nan chak modil/moso yo paske se yo menm ki baz konesans patisipan dwe jwenn nan chak rezime.

Li enpòtan pou fasilite a genyen nan men l konstitisyon Ayiti a, Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun nan, pou gade lè sa nesese. Li ta bon pou chak patisipan gen dokiman sa yo nan men yo tou paske se dokiman moun pa ka pa genyen.

Premye modil

Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun

Libète, jistis ak lapè nan lemond chita sou rekonesans diyite ki se nannan egzistans yon moun, dwa egal ego, dwa pèsòn pa ka retire ki se menm pou tout moun.... Ekspoze motif deklarasyon inivèsèl dwa moun.

Objektif : entwodui konsèp/mo a, fè istwa dwa moun yo, karaktè inivèsèl yo genyen epi konnen Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun nan.

Resous materyèl

- 1) Fè fotokopi tout dwa ki etabli nan Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun nan.
- 2) Ekri 30 atik yo sou tablo oubyen gwo moso papye/katon.
- 3) Fèy papye ak kreyon.
- 4) Idantifye espas pou travay nan gwoup.

Aktivite 1

- **Divize patisipan yo nan gwoup 3 moun oubyen plis.**
 - **Envite patisipan yo reflechi sou kesyon sa yo: Kisa yo konprann de dwa moun?**
 - **Chak gwoup dwe dezinye yon moderatè ak yon sekretè.**
 - **Reyalize yon plenye pou konnen konklizyon gwoup yo.**
 - **Ekri sou tablo oubyen gwo papye lide santral ki soti nan entèvasyon patisipan yo tankou: diyite, moun, libète, egalite, aksepte yonn lòt, inivèsèl, etc**
 - **Aprè tout patisipan fin pale, fasilite a ap fè yon rezime de sa a ki te di yo, kote l ap etabli byen klè tout moun gen dwa sou sèl baz paske yo se moun, ki chita sou diyite, libète ak moun ki egalego.**
-

Sa sa vle di dwa moun ?

Yo se yon seri prensip, yo aksepté toupatou sou latè, konstitisyon peyi yo rekonèt epi ki genyen garanti jiridik pou yo – pa mwayen lalwa ak enstitisyon yo- ki vize garanti diyite moun, libète ak egalite moun nan dimansyon endividyèl li, sosyal, materyèl ak esprityèl.

Se pouvwa, libète, revandikasyon ki makònen ak chak moun sou sèl motif paske yo se moun. Dwa moun se yon baz moral ak etik sosyete a konsidere ki nesèsè pou pwoteje diyite chak moun.

Yo defini yo tou tankou yon seri pouvwa ak enstitisyon nan chak moman istorik, ki konkretize egzijans diyite, libète ak egalite moun. Sistèm jiridik nasyonal ak entènasyonal dwe rekonèt yo.

Tout moun gen dwa ki marye ak kondisyon moun yo (depi ou se moun) epi tout moun ak tout enstitisyon dwe respekte yo. Se sèlman respè sa a ki rann konstriksyon ak kenbe yon sosyete kote moun ka viv ansanm nan lapè, jistis ak libète.

Chemen long ki mennen nan dwa moun

Lide ki soti nan konsèp/mo dwa moun nan se diyite moun ak fason dwa sa yo enpoze yo devan pouvwa ak ajan piblik yo.

Pou rive nan rekonesans dwa moun yo jounen jodi a, sa te dire syèk epi sa te mande anpil batay kote san te koule paske nan pi fò pati nan listwa, manb gouvènman yo te egzèsè sou popilasyon yo yon pouvwa abitrè ki pa te gen limit tankou : mete moun ak pèp yo nan lesklavaj, move tretman, asasinen ak disparèt moun san pinisyon, kondane moun pou fè yo soufri grangou ak viv nan mizè, wè tèt yo pi bon pase lòt epi trete moun yon fason ki pa egal.

Dwa moun yo, jan nou konnen yo jounen jodi a, se rezilta yon pwosesis istorik ki long. Pou kreye epi kenbe gany sa a moun fè, ki se rekonèt tout moun gen dwa paske yo se moun, sa te fèt sou enfluyans soufrans ak lit mas yo mete sou kote epi moun yo eksplwate yo, avanse nan refleksyon ak panse, sansibilisasyon opinyon piblik la ak mobilizasyon entènasyonal pou defans diyite moun tankou:

- Silend Cyrus, nan peyi ‘‘La Perse’’, sizyèm syèk avan Jezikri Rwa Cyrus Le Grand te pase lòd pou fè aplike sa yo rele silend Cyrus la apre li te fin anvayi Babilòn.
- ‘‘Edi Milan’’ : yon dokiman anperè Konstanten te fè pibliye nan lane 313 apre Jezikri.
- Chat Manden nan peyi Mali, ane 1222 epi 1236
- Gran tèks nan peyi Langletè: Gran chat nan lane 1215, petisyon dwa yo nan lane 1628, Ak abeyas kòpous nan lane 1679, deklarasyon dwa yo nan lane 1689.
- Premye deklarasyon dwa moun, ane 1776 nan Eta ‘‘Virginie’’ Etats-Unis.
- Deklarasyon dwa moun ak sitwayen, ane 1789 an Frans.
- Deklarasyon lendepandans Ayiti, nan janye 1804.
- Deklarasyon inivèsèl dwa moun, Nasyonzini ane 1948.

Divès enstriman entènasyonal ki make etap evolisyon dwa moun

- Chat Nasyonzini, trete ki fonde òganizasyon an ki sèvi kòm konstitisyon entèn li, li te siyen nan dat 26 jen 1945 nan konferans San Fransisko nan peyi Etazini.
- Deklarasyon Amerikèn dwa ak devwa moun, adopte nan dat 2 me 1948, nan nevyèm konferans entènasyonal Amerikèn ki te reyalize nan vil Bogota, peyi Kolonbi. Se nan konferans sa a Leta yo te diskite kreyasyon OEA (Oganizasyon Eta Ameriken).
- Deklarasyon inivèsèl dwa moun. Asanble jeneral Nasyonzini te di li dakò ak dokiman sa a nan dat 10 desanm 1948.
- Konvansyon Ewopeyen pou pwoteksyon dwa moun ak libète fondamantal, yo plis konnen l sou non konvansyon Ewopeyen dwa moun. Leta yo te siyen nan dat 4 novanm 1950 nan vil Wòm peyi Itali.
- Konvansyon entènasyonal konsènan eliminasyon tout fòm diskriminasyon rasyal, 21 desanm 1965. Ayiti ratifye l nan dat 15 jiyè 1972 epi pibliye l nan dat 4 desanm 1972.
- Pak entènasyonal ki gen pou wè ak dwa sivil ak politik. Nasyonzini adopte l nan dat 16 desanm 1966. Ayiti ratifye l nan dat 23 novanm 1990. Li pibliye nan jounal Monitè 7 janvyè 1991.
- Pak entènasyonal ki gen pou wè ak dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl. Nasyonzini adopte l nan dat 16 desanm 1966. Ayiti ratifye l nan dat 31 janvyè 2012 epi li pibliye 27 jiyè 2012.
- Konvansyon Amerikèn dwa moun, 22 novanm 1969. Ayiti ratifye l nan dat 20 Out 1979 epi li pibliye l nan dat 1er Oktòb 1979.
- Konvansyon Nasyonzini sou eliminasyon tout fòm diskriminasyon kont fanm, Nasyonzini te adopte 18 desanm 1979 epi li te kòmanse aplike 3 septanm 1981. Ayiti ratifye l nan dat 7 avril 1981 epi pibliye l nan dat 11 mai 1981.
- Konvansyon entènasyonal dwa timoun. Nasyonzini adopte l nan dat 2 septanm 1989. Ayiti ratifye l nan dat 30 desanm 1994 epi li pibliye 13 mas 1995.
- Konvansyon Entèamerikèn sou prevansyon, sanksyon ak eliminasyon vyolans kont fanm oubyen Konvansyon Belèm Do para, 9 jen 1994. Ayiti ratifye l nan dat 3 avril 1996 epi pibliye l nan dat 6 mas 1997.
- Konvansyon Nasyonzini ki gen pou wè ak dwa moun andikape yo, 13 desanm 2006. Ayiti ratifye l nan dat 13 mas 2009 epi pibliye l nan dat 14 avril 2009.

Mo kle

- 1- Diyite : Sa ki pa gen pri. Sa ki pa gen valè lajan ki egal ak li.
- 2- Abitrè : Sa ki pa jistifye, sa ki san rezon, san fondman
- 3- Devwa : obligasyon etik oubyen legal
- 4- Dwa : Ansanm lwa ak règ ki define relasyon moun ak moun epi tout sitwayen dwe respekte.
- 5- Jiridik : Sa ki gen pou wè ak lwa ak règ yo
- 6- Inivèsèl : Ki egziste oubyen tout pati rekonèt.

Aktivite 2

- **Li byen fò 30 atik deklarasyon inivèsèl dwa moun nan.**
 - **Divize patisipan yo an gwoup 3 moun oubyen plis, mande yo chwazi dwa yo konsidere ki gen plis enpòtans epi mande yo bay rezon an.**
 - **Chak gwoup dwe chwazi yon moderatè ak yon sekretè.**
 - **Reyalize yon plenyè pou konnen konklizyon gwoup yo.**
 - **Fasilitatè a dwe etabli tout dwa yo gen menm enpòtans epi yo dwe respekte yo.**
-

Ki mak fabrik dwa moun yo?

Dwa moun yo sipoze:

Yon aktè/sijè ki gen dwa: Tout moun (pèsòn fizik) – grenn moun oubyen gwoup moun-kelkeswa mak fabrik patikilye li yo, posede dwa sa yo.

Yon destinatè: Se enstitisyon ak moun ki gen obligasyon pou respekte, pwoteje epi fè dwa sa yo tounen reyalite.

Yon objè : Objè a se yon lwa nasyonal oubyen entènasyonal ki eksprime aksyon an.

Yon garanti : Yon moun ka legalman egzije tout dwa yo. Depi yon moun viktim vyolasyon dwa li, li ka pran vwa legal pou l re pran dwa sa a epi jwenn reparasyon. Premye etap la se tribinal nasyonal yo, si sa a pa mache li ka ale nan nivo entènasyonal.

Prensip dwa moun

Ou fèt ak yo/marye ak kondisyon w kòm moun : Tout moun fèt ak dwa ki pou yo pou sèl rezon paske yo se moun. Orijin dwa sa yo se pa Leta ak lwa yo men se nati moun menm ak diyite l.

Inivèsèl: Dwa sa yo pou tout moun kelkeswa koulè po li, relijyon l, oryantasyon seksyèl li, sèks li, peyi kote li soti, kantite lajan li genyen. Prensip ki di dwa moun yo inivèsèl se nannan sistèm lejislasyon entènasyonal dwa moun nan. Prensip sa ki te pwoklame nan lane 1948, te vin ranfòse nan plizyè konvansyon, deklarasyon ak rezolisyon.

Inalijenab/Ou pa ka transfere yo: Pèsonn pa ka pran dwa sa yo nan men ou sof nan kondisyon espesyal ki define epi dapre pwosedi espesifik ki deja trase. Ou pa ka sede yon lòt moun dwa ou genyen.

Entèdepandan/endivizib/makònen ansanm: Yonn depann de lòt. Ou pa ka di ou ap satisfè yon kategori pou w ki te yon lòt.

Egal/San diskriminasyon : Prensip pou pa fè diskriminasyon kont moun nan kesyon dwa moun ak libète

Yon pa ka vyole yo : Pèsòn pa ka menase oubyen detwi dwa moun yo. Moun ak gouvènman yo dwe aji nan sans respè total dwa moun yo.

Obligasyon dwa moun

Dwa entènasyonal la fè Leta obligasyon oubyen ba li devwa pou respekte yo, pwoteje yo epi fè dwa yo tounen reyalite (enstore yo).

Respekte dwa moun vle di Leta evite entèvni oubyen antrave egzèsis ak juisans dwa moun yo.

Pwoteje vle di Leta dwe pwoteje grenn moun ak gwoup moun kont vyolasyon dwa moun yo.

Fè dwa yo tounen reyalite (enstore) vle di Leta pran tout bon mezi pou fasilite egzèsis dwa fondanantal moun genyen. Nan nivo endividyèl nou gen dwa pou egzèse dwa moun nou genyen, men tou nou dwe respekte dwa moun lòt yo.

Aktivite 3

- **Chwazi yon dwa ki nan Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun nan.**
- **Mande patisipan yo kòman dwa sa a respekte, pwoteje epi enstore.**
- **Mande patisipan yo eske gen chanjman nan evolisyon respè, pwoteksyon ak enstorasyon dwa.**
- **Mande patisipan yo eksplike kòz chanjman sa a.**

Ki dokiman/règleman ki soutni dwa moun yo?

Chat entènasyonal dwa moun yo se baz fondamantal règleman ki gen pou wè ak dwa moun. Chat (blòk dokiman) sa a gen ladan l :

- a) Deklarasyon inivèsèl dwa moun,
- b) Pak entènasyonal dwa sivil ak politik
- c) Pak entènasyonal dwa ekonomik sosyal ak kiltirèl

Se yo menm nan nivo mondyal ki sèvi kòm prensipal enstriman pou pwoteje dwa moun. Se yo menm ki gen yon karaktè inivèsèl kote 193 peyi nan lemond te apwouve yo.

Dwa sivil ak politik

1. Dwa pou w viv
2. Dwa entegrite pèsònèl, fizik ak moral
3. Dwa pou yo pa tòtire ou, ni mete ou anba pèn ak trètman kriyèl, tretman ki pa fèt pou moun, tretman ki degradan.
4. Dwa pou yo pa mete ou nan lesklavaj, sèvitid ak trafik moun
5. Dwa pou w genyen yon pèsònalite jiridik
6. Dwa pou yo pa arete ou ak kenbe ou nan prizon yon fason abitè.
7. Dwa pou egal devan lalwa
8. Dwa pou yon pwosè regilye devan lajistis epi dwa pou w defann tèt tou.
9. Dwa prezonpsyon inonsans (Ou inosan toutotan lajistis ponkò kondane w)
10. Dwa entimite ak vi prive
11. Dwa libète sikilasyon
12. Dwa pou w jwenn azil nan lòt peyi
13. Dwa pou w gen yon non

14. Dwa pou w gen yon nasyonalite
15. Dwa pou w marye ak fonde yon fanmiy
16. Dwa pou w gen pwopriyete prive
17. Dwa pou w gen libète konsyans, panse ak relijyon
18. Dwa pou w gen opinyon ak eksprime lide ou.
19. Dwa rektifikasyon ak repons
20. Dwa reyinyon
21. Dwa asosiyasyon
22. Dwa patisipasyon politik : vote ak pou w kandida

Sous : Edikasyon dwa moun, Ana Rodino 2015

Dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl

1. Nivo lavi sifizan, ki gen ladan l tou dwa pou gen kay ak swen sante
2. Travay
3. Kondisyon ekite, diyite, sante ak sekirite nan travay
4. Asosiyasyon sendikal (fòme oubyen antre nan sendika)
5. Grèv ak negosiyasyon kolektif
6. Pwoteksyon espesyal pou fanm ak timoun ki ap travay.
7. Sekirite sosyal
8. Kalite lavi
9. Sante
10. Edikasyon
11. Edikasyon sou dwa moun
12. Kilti, zèv da ak syans
13. Anviwònman
14. Pwoteksyon espesyal pou gran moun yo

Sous : Edikasyon dwa moun, Ana Rodino 2015

Lwa anndan peyi yo dwe kadre ak prensip, règ, dwa chat entènasyonal dwa moun yo rekonèt. Nan peyi Dayiti, dwa moun yo enskri nan konstitisyon 1987 la nan tit 3 ki pale sou sitwayen, dwa ak devwa fondamantal yo.

Kalite, dwa ak devwa	Atik
Kalite sitwayen	Atik 16 : juisans, egzèsis dwa sivil ak politik yo se sa ki fè yon moun sitwayen. Se lalwa ki regle sispansyon ak fason yon moun ka pèdi dwa sa yo. Atik 17 : Ayisyen yo san distenksyon sèks ak eta sivil, ki gen 18 lane san manke yon jou, ka egzèsè dwa sivil ak politik yo si li reyini lòt kondisyon

	<p>lalwa ak konstitisyon an prevwa. Atik 18 : Ayisyen egal devan lalwa sou rezèv avantaj yo bay Ayisyen dorijin yo ki pa janm di yo pa Ayisyen ankò.</p>
Dwa fondamantal yo	<p>Atik 19 pou rive 51 Dwa lavi ak lasante Libète endividyèl Libète ekspresyon (dwa lapawòl) Libète konsyans Libète reyinyon ak asosiyasyon Libète edikasyon ak ansèyman Libète pou travay Dwa pwopriyete Dwa pou enfòmasyon Dwa sekirite</p>
Devwa yo sitwayen	<p>Atik 52.1 Obligasyon yo se :</p> <ol style="list-style-type: none"> a) Respekte konstitisyon an ak amblèm nasyonal la b) Respekte lwa yo c) Vote nan eleksyon yo san kontrent d) Peye taks e) Sèvi jire nan pwosè f) Defann peyi a nan ka lagè g) Enstui ak pèfeksyone tèt li h) Respekte ak pwoteje anviwònman i) Respekte lajan ak byen Leta j) Respekte byen lòt moun k) Aji pou lapè tabli l) Pote asistans bay moun ki nan danje m) Respekte dwa ak libète lòt moun <p>Atik 52.2 Lalwa sanksyone vyolasyon prensip sa yo.</p>

Aktivite 4¹

- **Nan paj apre a, genyen 10 fraz ki gen pou wè ak sa a ki nan aktyalite a. Kèk nan fraz yo se afimasyon dwa moun, kèk nan yo se vyolasyon dwa moun. Idantifye ki atik nan Deklarasyon Inivèsèl Dwa moun nan ki aplike pou chak fraz. Ou ka idantifye plis pase yon atik epi ekri l sou liy la.**

¹ Adapte liv “Guía de Educación en Derechos Humanos” Monisha Bajaj 2003

Aktyalite-Repons pou fasilite a :

- 1- Yon fanm Ayisyen vote nan eleksyon pou prezidan. (Atik 2 ak 21)
- 2- Pwofesè lekòl nan peyi Ayiti ap fè grèv pou ogmantasyon salè. (Atik 19, 20, 23)
- 3- Lapolis touye yon jèn Ayisyen, li te konfonn li ak yon lòt moun. (Atik 3, 10, 11)
- 4- Yon gason ki pa t genyen asirans maladi epi ki pa t ka resevwa swen nan yon klinik prive, senyen pou l mouri apre yon gwo aksidan grav. (Atik 25)
- 5- Lapolis arête, nan desandelye, jèn nan Site Solèy. (Atik 9)
- 6- Lekòl piblik pa dakò resevwa elèv andikape. (Atik 26)
- 7- Plizyè dizèn chofè pwoteste devan palè nasyonal kont tizonay yo ap sibi anba men polisye nasyonal yo, kote polisye yo, dapre yo, ap dechèpiye yo chak jou. (Atik 13 ak 22)
- 8- Nan peyi Dayiti, yo asasinan moun LGBT yo (masisi, madivin, biseksyèl, transjan) poutèt oryantasyon seksyèl yo, idantite ak ekspresyon jan yo. (Atik 1,2,3 ak 7)
- 9- Yon transjan te viktim vyolans seksyèl poutèt oryantasyon seksyèl li, li pote plent nan pakè, men pa genyen okenn suivi ki fèt sou ka. (Atik 3,7 ak 8)
- 10- Nan peyi Dayiti, anpil bizisman, avan yo bay yon moun yon kontra travay, fè moun nan al fè tès nan yon laboratwa espesyal. Si rezilta tès VIH pozitif, li pa bay moun nan kontra. (Atik 7 ak 23)

Kilès k ap travay pou pwoteje dwa moun yo ?

- 1- Òganizasyon Nasyonziini se yon òganizasyon ki gen ladan l peyi toupatou sou latè. Li genyen yon komisyon dwa moun ki tabli nan vil Jenèv peyi Lasuis.
- 2- Òganizasyon Eta Ameriken (OEA) se yon òganizasyon ki genyen peyi ki nan kontinan Lamerik la ladan l sof Kiba. Li genyen yon komisyon ladan l ki la pou mennen ankèt sou ka vyolasyon dwa moun yo. Li genyen tou Lakou Entèamerikèn dwa moun ki chita nan vil "San Jose" peyi "Costa Rica" ki la pou rezoud ka vyolasyon dwa moun yo.
- 3- Òganizasyon ki pa sou lobedians gouvènman. Sa nou rele ONG yo. Ann Ayiti genyen plizyè nan yo.
- 4- Ofis pwoteksyon sitwayen. Dapre atik 207 konstitisyon an, « li krewe yon ofis ki gen non Ofis Pwoteksyon Sitwayen ki gen bi pou pwoteje tout moun kont tout fòm abi administrasyon piblik la. » li dwe bay yon atansyon espesyal pou plent fanm yo pote dapre atik 207 bis la : « Nan egzèsis fonksyon li, l ap bay yon atansyon espesyal pou plent fanm yo pote, patikilyèman sa ki gen pou wè ak diskriminasyon ak agresyon yo kapab viktim nan travay yo. »
- 5- Komisè gouvènman. Komisè gouvènman se defansè lasosyete. Li la pou chèche deli ak krim ki fèt kont kò, lavi ak byen moun.
- 6- Militant/Defansè dwa moun yo se moun ki konnen dwa yo epi ki ap defann dwa pa yo ak pa lòt moun.

M ap sonje

- 1- **Tout moun gen dwa ki marye ak kondisyon yo kòm moun epi tout moun ak enstitisyon Leta dwe respekte.**
- 2- **Dwa moun yo :**
 - **Marye ak kondisyon w kòm moun**
 - **Inivèsèl: yo egziste nan tout tan ak tout kote**
 - **Moun pa ka di yo p ap sèvi ak yo ni pran obligasyon sou yo**
 - **Pa ka divize: tout dwa yo gen menm enpòtans, yonn pa pi wo pase lòt**
 - **Pa ka vyole yo: pèsonn pa ka vyole oubyen inyore**
- 3- **Nòm entènasyonal k ap soutni dwa moun yo gen ladan l:**
 - **Deklarasyon inivèsèl dwa moun**
 - **Pak entènasyonal dwa sivil ak politik**
 - **Pak entènasyonal ekonomik, sosyal ak kiltirèl**
- 4- **Dwa moun nan peyi Ayiti etabli nan konstitisyon an nan atik 16, 17, 18, 19 pou rive 51, 52.1, 52.2 anba tit 3 ki pale sou sitwayen, dwa ak devwa fondamantal yo.**
- 5- **Enstitisyon k ap travay pou dwa moun**

Entènasyonal:

- **Òganizasyon Nasyonzi**
- **Òganizasyon Eta Ameriken**

Nasyonal:

- **Ofis pwoteksyon sitwayen**
- **Asosiyasyon ak òganizasyon ki ap defann dwa moun**
- **Komisè gouvènman**

Modil II

Moun ki nan kondisyon vilnerabilite

Tout moun fèt lib epi yo egal nan diyite ak dwa, epi tout moun gen dwa jui dwa moun yo, san distenge kesyon ras, koulè, sèks, lang, relijyon, opinyon politik oubyen lòt, orijin nasyonal oubyen sosyal, pozisyon ekonomik, jan ou fèt (nesans) ak tout lòt kondisyon. (Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun Atik. 1, 2, 7 ak 23).

Objektif : prezante mo/konsèp ki gen pou wè ak sitiyasyon moun ki nan kondisyon vilnerabilite epi idantifye motif jiridik ki soutni dwa sa yo.

Resous materyèl

- 1) Konstitisyon Repliblik Ayiti.
- 2) Moso papyè ki genyen atik 17, 18, 19, 22, 28, 32.6, 35 konstitisyon Ayiti ladan I

Aktivite 1

- ✓ Divize patisipan yo nan gwoup 3 moun oubyen plis.
 - ✓ Vini ak papyè ki genyen atik 17, 18, 19, 22, 28, 32.6, 35 konstitisyon Ayiti ladan I.
 - ✓ Envite patisipan yo reflechi pandan ou ap mande yo reflechi sou kesyon sa yo: Ki sa ou konprann de kondisyon vilnerabilite? Ki kalite vilnerabilite ou konnen (wòl sosyal/jan, sèks, nasyonalite, ak lòt ankò....? Eske konstitisyon an fè diferans ant moun yo? Eske li mete kèk gwoup moun sou kote?
 - ✓ Chak gwoup ap chwazi yon moderatè ak yon sekretè.
 - ✓ Fè yon plenè pou konnen konklizyon yo.
 - ✓ Lè tout patisipan fin pale, fasilite a ap fè rezime sa ki di pandan I ap klarifye konstitisyon an etabli egalite pami tout moun, li etabli menm dwa, libète ak opòtnite san li pa mete moun sou kote sou baz sèks, koulè, laj, enkapasite, nasyonalite, lyen fanmiy, lang, relijyon, opinyon politik ak filozofik, kondisyon sosyal ak pèsone (LGBT).
-

Dwa Egalite a (egalego)

Kesyon egalite a se yon prensip fondamantal dwa moun yo, li di genyen yon seri pouvwa yon moun genyen depi ou se moun, menm prensip aplike pou tout moun. San l pa bliye diferans moun pa ka neglije ki genyen ant moun tankou aparans fizik, kapasite entèlektyèl, klas sosyal, nivo edikasyon, koulè po, ak lòt ankò. Genyen kalite ki menm ki pèmèt moun yo jwi dwa fondamantal egalgo kòm moun.

Lide egalite a toujou marye ak lajisits. Li rekonèt lòt la kòm egal sa vle di chak moun resevwa menm tretman yo merite. Tout moun gen menm diyite yonn devan lòt. Ki fè yo ta dwe gen menm dwa devan Leta.

Nan nivo nasyonal, nou jwenn dwa egalite a nan plizyè atik. Men atik prensipal la se atik 18 la.

“Tout Ayisyen egal ego devan lalwa, anwetan sèten avantaj, Ayisyen natif natal yo genyen, depi yo pa t janm pa Ayisyen ankò.”

Atik 17, 19, 22, 28, 32.6, 35 ranfòse lide egalite pou di pa gen moun yo mete sou kote:

“Tout Ayisyen, fi kòm gason, moun marye ak moun ki pa marye, kapab sèvi ak dwa sivil yo oubyen dwa politik yo, depi yo deja gen dizuit (18) lane, e depi yo suiv tout kondisyon ki nan konstitisyon an ak nan lwa peyi a, pou sa a.”

“Leta dwe degaje l, tout jan, tout mannyè, pou tout Ayisyen, fi kòm gason, timoun kou granmoun, jwenn lavi, lasante ak respè tout moun gen dwa jwenn, jan sa pale nan Deklarasyon sou Dwa Moun.”

“Men ki dwa Leta rekonèt tout sitwayen Ayisyen genyen toujou:

- Dwa pou yo jwenn bon kay pou yo rete.
- Dwa pou yo jwenn bon mwayen pou yo fè edikasyon timoun e pou yo ogmante konesans granmoun.
- Dwa pou yo jwenn dekwa pou yo kapab manje.
- Dwa pou moun ki nan bezwen jwenn èd nan men Leta.

“Tout Ayisyen gen dwa di sa yo panse, lib, jan yo pito.”

“Tout moun ki gen kapasite pou sa, gen dwa rive fè gwo etid, apre etid segondè, san se pa favè ak moun pa ki fè yo rive jwenn sa.”

Egalite a vle di pou lalwa, tout moun menm, pa ka genyen tretman espesyal ki chita sou nivo sosyo-ekonomik, politik, relijyon, ras, kwayans ak lòt ankò. Men, nan kèk sitiyasyon, lalwa ka pwoteje pati ki pi fèb nan sosyete a, pou l ka ekilibre kondisyon l ak lòt yo.

Nan lit kont inegalite sosyal ak ekonomik yo, prensip egalite a parèt kòm yon kondisyon epi yon opòtinite. Tout moun dwe anmezi gen yon fason reyèl pou gen aksè pou menm posiblite.

Vilnerabilite

Nan zafè pwoteksyon dwa moun, mo egalite a ak vilnerabilite a mache men nan men. Yo vilnerab paske kapasite yo diminye, pou divès rezon, pou kòlte ak vyolasyon ki fèt kont dwa fondamantal yo, dwa moun yo. Diminasyon kapasite sa a, se sa ki vilnerabilite a, li gen rasin li nan lonje dwèt ki marye ak yon kondisyon patikilye/espesyal, ki idantifye moun nan kòm manb yon gwoup patikilye ki, nan règ jeneral, nan yon kondisyon inegalite materyèl devan gwoup ki gen plis moun nan.²

- 1) **Konsa, pratik sosyal ki chita sou sèks moun (jan)**, se yon kondisyon ki fè fanm yo, menmsi yo pa nan gwoup ki piti nan kantite nan sosyete a, vini nan yon sitiasyon vilnerabilite espesyal lè nou gade respè dwa moun yo, vilnerabilite sa a chanje dapre fason fanm yo gen pouvwa nan sosyete yo ap viv la, epi si yo kapab konsyan de vyolasyon ki fèt kont dwa yo.
- 2) **Oryantasyon seksyèl la** se eleman ki fè lesbyèn (madivinèz), gay (masisi), biseksyèl, transjan, transseksyèl vin vilnerab. Nan sosyete a, gwoup sa a pou patikilarite l ka fè dwa l vyole tankou dwa pou l viv, pou l egal nan yon relasyon fanmiy.
- 3) **Laj**, fè timoun, jenn timoun, granmoun ki gen anpil laj, vilnerab paske lalwa pa wè yo, epi yo depann de moun anpil.
- 4) **Enkapasite/Andikap** fizik, nan sans yo, mantal ak entelektyèl, nan yon mo tout lòt enkapasite yo ka sèvi kòm baryè pou yo egzèse kèk dwa esansyèl tankou travay ak edikasyon.
- 5) Fè pati yon etni minoritè (yon pèp ki gen ti kantite moun anndan yon lòt pèp ki gen anpil moun, mache ak yon vizyon mond lan, yon fason sosyete a òganize ak yon kilti ki ka fè yo mete l sou kote nan soyete/Leta kote yo entegre a. Mete sou kote sa a mennen nan inegalite tout moun ka wè ak nan dwa moun ki pa respekte.

Kilès nou ka konsidere kòm moun ki nan kondisyon vilnerabilite?

Moun ki, pou rezon laj, pratik sosyal ki chita sou sèks (jan), eta fizik ak mantal, oubyen pou sikonstans sosyal, ekonomik, etnik ak/oubyen kiltirèl, rankontre difikilte pou egzèse kòm sa dwa devan sistèm lajistis la, dwa lòd jiridik la rekonèt.³

Nan kondisyon vilnerab sa yo nou jwenn: timoun, fanm ak ti fi, gran moun ki gen anpil laj, moun k ap viv ak jèm SIDA nan san yo, moun andikape yo, kominote endijèn yo, moun ki rantre nan peyi ki pa peyi yo, oryantasyon seksyèl, idantite jan ki diferan (LGBTI), moun k ap pran dwòg, moun k ap fè sèks pou lajan, ak lòt ankò.

Pandan n ap pale de inegalite n ap pale tou:

² Manual de Derechos Humanos de los Grupos Vulnerable (liv sou dwa moun gwoup vilnerab yo), 2014.

³ 100 Règ Brazilya sou aksè lajistis pou moun ki nan kondisyon vilnerabilite.

- 1) De volonte pou derasinen l.
- 2) li kapab konbat epi laviktwa kapab ranpòte sou li si gwoup yo genyen zouti ki nesèsè nan men yo pou amelyore kapasite pou bay repons, pou aji, pou reprann dwa yo devan vyolasyon grav ki ka fèt kont dwa yo.
- 3) Nou kapab mete mwayen pou redui konsekans risk vyolasyon dwa yo.

Konstitisyon Ayiti a garanti dwa popilasyon vilnerab yo

Wi, kondisyon ki limite dwa kèk popilasyon, se baz obligasyon Leta pou mete règ ki pou pwoteje popilasyon sa yo kont diskriminasyon ak move tretman yo ka soufri souvan.

Konstitisyon Repiblik Ayiti a nan dezyèm paragaf nan deklarasyon pou kòmanse (preyanbil)di pèp Ayisyen deklare li dakò ak konstitisyon sa a pou l ka tabli yon nasyon ki chita sou jistis sosyal, ki mèt richès li epi ki granmoun tèt li.

Nan setyèm paragaf la li di: ‘‘pou l ka tabli yon mòd gouvènman ki chita sou libète fondamantal ak respè dwa moun, lapè sosyal, byen balanse pouvwa ekonomik, byen balanse pouvwa ant fanm ak gason, konsètasyon ak patisipasyon tout popilasyon an nan gwo desizyon ki ap angaje vi nasyon an, pou yon desantralizasyon tout bon vre.’’

Konstitisyon an bay Asanble nasyonal la pouvwa pou di li dakò oubyen pa dakò ak trete oubyen konvansyon entènasyonal yo. Atik 276.2 a di depi Leta Ayisyen (gouvènman ak ansable nasyonal) di li dakò ak yon trete oubyen yon konvansyon entènasyonal dapre fòm konstitisyon an prevwa, li vin tounen lwa peyi a epi li chanje tout lòt lwa ki pa ale nan menm sans ak li.

Sa fè konvansyon dwa moun Ayiti ratifye yo ki pwoteje dwa popilasyon vilnerab yo se lwa ki la pou pwoteje yo anndan peyi a.

Definisyon konsepsyèl popilasyon kle yo:

Men yon eksplikasyon tou kout sou mo ki itilize nan popilasyon kle yo (gwoup vilnerab) yon fason pou n fè moun k ap li yo wè klè sou difikilte gwoup sa yo rankontre.

a) Travay sèks ak sèks kòm tranzaksyon

Yon travayè seksyèl se yon majè ki gen tout kapasite li, san okenn lòt moun pa fòse l fè aktivite sa a, k ap fè lajan oubyen resevwa tout kalite rekonpans pandan l ap ofri sèvis fè sèks. Sèks kòm tranzaksyon oubyen sèks tranzaksyonèl se yon ekspresyon yo itilize pou defini moun k ap fè sèks kòm echanj pou nenpòt ki bagay, lajan ak privilèj, souvan san li pa idantifye tèt li kòm travayè seksyèl. Itilizasyon mo sa evite sèvi ak yon langaj ki pote domaj pou moun nan oubyen ki lonje dwèt sou li, ki mete moun sa yo nan pozisyon tankou moun ki pa ka aji oubyen ki kondane yo alfwa kòm entèmedyè.⁴

b) Transeksyalite

⁴ <http://articulos.sld.cu/sida/?p=7646>

Se ka moun ki idantifye tèt yo ak sèks ki pa menm ak sèks lè yo te fèt la, swa pa mwayen labyoloji oubyen operasyon, epi yo vle pou lòt moun aksepte yo jan yo wè tèt yo a epi pou sosyete a aksepte yo.⁵

c) Moun k ap pran dwòg:

Dapre Òganizasyon Mondyal Lasante (OMS an franse), dwòg se yon sibstans ki antre nan kò a pa tout mwayen, ki lakòz yon chanjman nan fonksyonman natirèl sistèm nève santral moun nan epi tou, sibstans sa a ka kreye depandans ki kapab sikolojik, fizik oubyen toulede.

Moun ki ap pran dwòg, pa mwayen piki oubyen lòt, epi konsomasyon dwòg la parèt byen klè nan fason eta sante l ap depafini, souvan yo idantifye yo kòm kriminel epi yo itilize pretèks sa a pou anpeche yo jwi dwa fondamantal yo.

d) Moun k ap viv ak VIH:

Yo rele moun ki ap viv ak VIH, moun ki gen viris iminodefisyans moun nan kò li. Viv ak VIH pa vle di nesèman moun nan ap devlope sentom ak maladi opòtinis yo, men li posib pou li bay yon lòt moun viris la.⁶

e) LGTBI:

LGBTI se inisyal anpil moun itilize pou pale de lezbyèn (madivinèz), gay (masisi), biseksyèl, moun ki transjan oubyen entèsèks. Yo ap itilize l depi ane 90 yo, sig LGBT a se pwolongasyon ‘‘LGB’’ ki li menm te ranplase kominote gay kote anpil omoseksyèl, biseksyèl ak transseksyèl te santi mo sa pa t pale de yo yon fason ki konfòm ak sa yo ye.⁷

f) Migran (moun ki al tabli nan lòt zòn):

Migran se yon moun ki chanje kote li rete pou l rete nan yon lòt zòn anndan yon menm peyi, oubyen moun nan al rete nan yon lòt peyi pou yon tan ki pa gen limit. Migran, an jeneral ap chache yon nouvo espas pou yo viv kote yo ap jwenn posiblite pou travay, kote yo kapab satisfè bezwen yo nan pi bon fason pase kote yo te ap viv avan.⁸

g) Moun andikape:

Tout moun ki genyen yon defisyans fizik, mantal, entèlektyèl oubyen nan sans yo (je, zòrèy, nen, kapasite pou pale) ki ap dire anpil tan ki, nan entèraksyon ak divès baryè, kapab anpeche patisipasyon l san mank epi yon fason efikas nan sosyete a, nan kondisyon egal avèk lòt yo.⁹

⁵ Liv sou dwa moun popilasyon vilnerab yo

⁶ <https://www.huesped.org.ar/info/vih-sida/>

⁷ <https://arcoiris-lgbti.jimdo.com/diccionario-gay/l-g-b-t-i/>

⁸ <https://definicion.mx/migrante/>

⁹ Lwa 21 me 2012 sou entegrasyon moun andikape ann Ayiti.

h) Jèn sosyete a mete sou kote:

Jèn moun ki paske yon pòv, yo mete yo sou kote epi yo oblije yo rete nan espas fizik (katye) kote sèvis debaz yo, tankou: edikasyon, sante, dlo, enèji elektrik, lakilti, espò, yo ra epi yo pa gen bon kalite. Jèn sa yo vilnerab paske sosyete a lonje dwèt sou yo, sa ki mete yo sou kote nèt, sa ki kite yon bon kantite nan yo san okipasyon epi yo pa lekòl. Lè jèn sa yo al rete nan kay pa yo pou fonde fanmiy yo, yo vin ogmante sèk povrete a.

Pawòl kle

1. **Diskriminasyon:** Tretman diferan yo bay yon moun ki pa bon pou li sou baz ras li, sèks, lide politik, relijyon ak lòt ankò..
2. **Prejije:** Opinyon moun genyen davans, an jeneral yo negatif, sou moun oubyen yon bagay.
3. **Eksklizyon:** Pwosesis kote yo mete yon moun oubyen yon gwoup moun sou kote yon fason total oubyen yon tikras pou l pa patisipe kòm sa dwa nan lavi sosyete kote l ap viv la.
4. **Pwoteksyon:** Aksyon ak rezilta pou ede oubyen pote yo moun sekou nan sitiasyon ki ka mete lavil an danje.

Aktivite 2

- **Li byen fò Atik 17, 19, 22, 28, 32.6, 35 konstitisyon Ayiti a epi envite patisipan yo reflechi sou yo pou ka motive yo fè deba sou egalite dwa yo.**
 - **Divize patisipan yo nan 4 gwo gwoup pou yo ka revize deklarasyon ki nan preyanbil ak atik 276 konstitisyon an.**
 - **Reyalize yon plenyè pou fè konklizyon.**
-

Popilasyon vilnerab: Moun k ap viv ak VIH/SIDA

Yonn nan popilasyon kle yo plis lonje dwèt sou li se moun ki ap viv ak VIH/SIDA nan san yo. Jis jounen jodi a Ayiti ponkò mete yon lwa espesyal pou pwoteje moun sa yo. Men konvansyon Ayiti siyen, konstitisyon an ak lwa jeneral yo ba yo yon nivo pwoteksyon.

Aktivite 3

- **Divize patisipan yo an gwoup pou reflechi sou nesesite pou genyen yon lwa pou pwoteje moun ki ap viv ak VIH/SIDA.**
 - **Reyalize yon plenye pou konnen konklizyon gwoup yo.**
-

Dwa moun ki ap viv ak VIH/SIDA

Kesyon yo poze souvan

1- Mwen ap viv ak VIH/SIDA, eske yo ka refize ban m swen sante?

Non, ou gen dwa pou jwenn swen sante san manke moso. Ou gen dwa pou resevwa konsèy, sèvis sante mantal, swen medikal ki mande operasyon ak asistans jiridik, sosyal ak sikolojik; tout tretman ki garanti yon kalite lavi ki chita sou byennèt fizik ou, mantal, espirityèl ak sosyal, ki gen ladan l tou medikaman antiretrowiwo, medikaman kont enfeksyon opòtinis yo, kondisyon ki marye ak lòt, tès siveyans eta sante a, selon chak ka an patikilye. (atik 19 konstitisyon an)

2- Eske yo ka mete m deyò lekòl paske m gen VIH/SIDA?

Tout moun k ap viv ak VIH oubyen SIDA gen dwa edikasyon. Ki fè okenn lekòl prive oubyen piblik pa ka mande ou tès depistaj VIH oubyen antikò kòm kondisyon pou antre oubyen rete lekòl la. Yo pa ka lonje dwèt, fè mal, mete sou kote, mete deyò, oubyen afekte l yon fason endirèk paske li ap viv ak VIH oubyen ak SIDA. (atik 32 konstitisyon an)

3- Eske yon patwon kapab pa ban m travay oubyen revoke m paske m gen VIH/SIDA?

Non. Tout moun ki gen VIH oubyen SIDA gen dwa pou travay; nan sans sa tout diskriminasyon nan travay ki soti bò kote patwon an entèdi, fizik oubyen moral, piblik oubyen prive, nasyonal oubyen etranje. Li pa ka li menm oubyen pase pa yon lòt moun pou mande depistaj VIH oubyen antikò yo, kòm kondisyon pou bay yon djòb, kenbe oubyen bay yon pwomosyon. (atik 35 konstitisyon an)

4- Eske patwon m oubyen doktè m gen dwa gaye enfòmasyon sou rezilta tès mwen?

Non. Moun ki gen VIH oubyen SIDA gen pwoteksyon vi prive yo epi dwa konfidansyalite nan sa ki konsène sante yo, kidonk: 1) ou pa oblije enfòmè kòlèg ou ak patwon w sou eta sante ou nan sa ki gen pou wè ak VIH/SIDA, 2) Pèsòn pa ka bay yon lòt moun enfòmasyon sou eta sante yon moun ki gen VIH oubyen SIDA, an prive oubyen an piblik, san konsantman l. Sof si lalwa pèmèt li fè sa. 3) Pèsònèl sante ki konnen eta sante yon moun ki ap viv ak VIH oubyen SIDA dwe respekte dwa konfidansyalite moun yo nan sa ki konsène rezilta dyagnostik yo, konsiltasyon ak evolisyon eta sante yo. (atik 12 Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun)

5- Si mwen fè sèks ak moun san m pa di li estati VIH mwen, kisa ki ka rive dapre lalwa?

Moun ki ap viv ak VIH/SIDA gen dwa gen yon seksyalite san manke moso, yo dwe egzèse dwa sa a yon fason responsab pou li ak pou lòt moun. Ou dwe enfòmè patnè seksyèl ou a. Ponkò genyen pèn prizon pou yon moun ki bay lòt SIDA. Men moun ki viktim nan ka pousuiv lotè zak la pou reparasyon sivil sou atik 1168 kòd sivil la.

6- Eske m ka ale devan lajistis lè dwa m vyole.

Wi ak non. Sa depan. Ponkò genyen lwa espesyal ann Ayiti pou lè yon moun viktim diskriminasyon. Men si ou ka demontre kòman lotè zak la fè ou ditò, ou ka mande reparasyon sivil sou baz atik 1168 kòd sivil la.

7- Si m pa lib, eske m gen dwa jwenn medikaman m yo?

Wi. Leta pa mwayen Ministè Sante Piblik ak Popilasyon pou yo ka atenn objektif ak angjaman yo pran ni nan nivo nasyonal ni nan nivo entènasyonal oblije fè kòmand, kenbe òf ak aksè a epi bay nan tan ki nesèsè medikaman antiretwoviwo yo, medikaman kont enfeksyon opòtinis yo ak kondisyon ki marye ak siveyans depistaj VIH la, lè eta sante moun ki ap viv ak VIH oubyen SIDA mande sa, sou si sipèvizyon ak suivi yon medsen tretan. (deklarasyon angajman sou SIDA)

8- Eske m ka viktim diskriminasyon paske m ap viv ak VIH/SIDA nan san m?

Non. Moun ki ap viv ak VIH oubyen SIDA gen dwa pou yo pa viktim diskriminasyon epi pou yo trete yo yon fason ekita; ki fè tout zak diskriminasyon, manke dega ak lonje dwèt entèdi kont moun ki gen VIH oubyen SIDA ak fanmiy li. (Atik 19 konstitisyon an)

9- Kòm moun ki ap viv ak VIH/SIDA, eske mwen gen dwa pou yo respekte kwayans mwen ak lè m mouri?

Wi. Moun ki ap viv ak VIH oubyen SIDA gen dwa jwenn swen moun merite, soutyen, fineray ki gen figi, nan respè konsepsyon yo de lavi oubyen lanmò, selon relijyon ak konviksyon yo, sa ki fè: 1) Pa gen mezi ekstraòdinè pou ki pran ak kò yon moun ki te genyen VIH oubyen SIDA. 2) Li entèdi pou lonè ak fineray yo òganize yon fason diskriminatwa.(atik 30 konstitisyon an)

10- Eske m gen dwa pou m patisipe epi òganize m?

Wi. Moun ki ap viv ak VIH oubyen SIDA gen dwa pou yo òganize yo, pou yo mande yo dizon yo epi patisipe yon fason aktif nan definisyon politik, program ak pwojè ki gen pou wè ak VIH/SIDA.(atik 31 konstitisyon an)

Popilasyon vilnerab: gwoup LGBT

Dwa gwoup sa a marye ak respè oryantasyon ak idantite seksyèl yo. Genyen divès trete entènasyonal ki pwoteje dwa sa yo kote yo konsidere kòm yon dwa moun, respè preferans seksyèl, konsa tou, yo kondane diskriminasyon ki vize gwoup sa a.

Republik Dayiti siyen pi fò trete entènasyonal ki konsène dwa moun yo, kòmanse ak sa ki pi enpòtan: Deklarasyon Inivèsèl Dwa moun yo, nan trete dwa moun sa, nou jwenn kòlonn fondamantal ki pwoteje dwa popilasyon LGBTI yo, ki nan atik 2 li, deklare: “Chak grenn moun sou tè a fèt pou benefisye libète ak dwa ki proklame nan Deklarasyon sila a, san okenn diferans, tankou diferans ki baze sou ras, sou koulè yo, sou si se fanm oswa gason. Pa fèt pou gen okenn diferans ki baze ni sou lang , ni sou relijyon ,ni sou opinyon politik oswa lòt fason sèten moun panse; ni pa dwe gen diferans ki baze sou nasyonalitye moun, klas sosyal yo, richès yo, ni sou okenn lòt rezonman ki fèt nan sans sa a.”

Atik 1 deklarasyon an di byen klè: “Tout moun sou tè a fèt tou lib. Tout gen menm valè (nan je la sosyete), tout moun gen menm dwa devan la lwa. Tout moun fèt ak yon bonsans, yon konsyans epi youn fèt pou trete lòt tankou frè ak sè.”

Konstitisyon 1987 Ayiti ak sa ki te amande reprann dwa ki pwoklame nan deklarasyon Inivèsèl Dwa moun nan. Inivèsalite dwa popilasyon LGBTI yo, nou ka jwenn li nan koneksyon ant atik 2 Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun nan ak atik 18 konstitisyon Ayiti a ki pale de egalite a. Dwa egalite sa ranfòse nan atik 17, 19, 22, 28, 32.6, 35.

Nan konstitisyon sa Leta pran angajman ak bay tèt li obligasyon pou fè pwomosyon mekanis legal ak administratif nan lide pou garanti egalite a. Men tou li dwe responsab pou fè prevansyon ak konbat diskriminasyon, majinalizasyon, vilnerabilite ak eksklizyon.

Genyen lòt dokiman ki genyen anpil enpòtans nan kesyon lwa pou popilasyon LGBTI yo. Dokiman sa a tabli yon seri prensip inivèsèl nan zafè dwa moun ki gen plis prezizyon, men pou rezon prejije sosyal, anpil gouvènman nan kontinan te refize respekte ak pwoteje.

Prensip sa yo sèvi kòm referans enpòtan pou kontribye nan fè konnen dwa moun ak dwa fondamantal popilasyon sa yo, men tou li vin yon drapo nan lit pou revandike dwa yo nan peyi yo. Se prensip Jogjakarta yo.

Se yon gwoup espesyalis nan dwa moun ki te reyini nan vil Yogyakarta (peyi Endonezi) ki te ekri prensip sa yo nan dat 6 pou rive 9 novanm 2006, kote sa ki te fèt se te soulinye pwoblèm patikilye LGBTI yo nan rapò ak pwoteksyon tradisyonèl dwa moun yo, pote lòt mak fabrik ki tounèf, tankou dwa pou patisipe nan lavi kiltirèl (prensip 26). Yo te fè tou yon seri rekòmandasyon bay Leta yo pou fè prevansyon ak fini ak diskriminasyon.¹⁰

Prensip sa yo mete limyè sou yon aspè enpòtan: se divèsite dwa, diskriminasyon ki chita sou oryantasyon ak idantite seksyèl ka vyole; yon seri dwa, tout moun rekonèt tout kote, ki kapab: dwa sekirite pèsònèl, libète ekspresyon ak manifestasyon ki mande rekonesans ak pwoteksyon

¹⁰ Manual de Derechos Humanos de los Grupos Vulnerables

espesyal bò kote otorite yo pou asire moun pa wè dwa yo vyole sou baz oryantasyon ak idantite seksyèl yo. An plis kèk dwa ki pou kominote LGBTI espesyalman tankou dwa pou rekonèt pèsonalite legal yo oubyen dwa pwoteksyon kont abi medikal.

Prensip Jogjakarta¹¹

1. Dwa juisans inivèsèl dwa moun yo.
2. Dwa pou tretman egal san diskriminasyon.
3. Dwa rekonesans pèsonalite jiridik.
4. Dwa pou viv.
5. Dwa pou sekirite pèsònèl.
6. Dwa vi prive.
7. Dwa tout moun genyen pou yo pa kenbe l nan prizon yon fason abitchè.
8. Dwa pou gen yon bon pwosè.
9. Dwa pou trete tankou moun, moun ki pèdi libète yo.
10. Dwa tout moun genyen pou yo pa sibi tòti, tretman mechan ki pa fèt pou moun oubyen ki fè moun pèdi valè.
11. Dwa pwoteksyon kont tout fòm eksplwatasyon, lavant ak latrèt moun.
12. Dwa pou travay.
13. Dwa pou sekirite sosyal.
14. Dwa yon nivo lavi ki sifi.
15. Dwa yon lojman ki kòrèk.
16. Dwa edikasyon.
17. Dwa pou yon pi bon eta sante.
18. Pwoteksyon kont abi medikal.
19. Dwa libète opinyon ak ekspresyon.
20. Dwa libète reyinyon ak asosiyasyon pasifik.
21. Dwa libète panse, konsyans ak relijyon.
22. Dwa libète mouvman.
23. Dwa pou mande azil.
24. Dwa pou fòmè yon fanmiy.
25. Dwa pou patisipe nan lavi piblik.
26. Dwa pou patisipe nan lavi kiltirèl.
27. Dwa pou fè pwomosyon dwa moun yo.
28. Dwa pou ale devan tribinal epi jwenn reparasyon.
29. Responsablite.

¹¹ Principios de Yogyakarta

Aktivite 4

- **Fè yon travay nan gwoup, mande patisipan yo idantifye ki prensip Yogyakarta yo jwenn nan konstitisyon an epi ki atik li ye.**
 - **Fè yon plenye pou prezante travay gwoup yo.**
-

Dwa tout LGBTI

Kesyon nou poze souvan

1- Eske yo ka arete yon moun nan kominote LGBTI a paske li manifeste afeksyon li yon fason piblik ak kontak fizik?

Non. Li pa entèdi pou fè jès lanmou nan piblik. Okenn moun pa ka kontrenn ou fè sa lalwa pa mande epi li pa ka anpeche ou fè sa lalwa pa entèdi. Lalwa egal pou tout moun: li ka sèlman pase lòd pou tabli sa ki jis ak itil pou kominote a epi li ka entèdi sa ki ap fè kominote a mal. (atik 24.1 konstitisyon an)

2- Eske yo ka anpeche m jwi dwa edikasyon an sou baz idantite seksyèl mwen? Eske yo ka mete m deyò lekòl paske m nan kominote LGTI a?

Non. Tout fòm diskriminasyon pou rezon sèks, koulè, laj, andikap, peyi kote ou soti, lyen familyal, lang, relijyon, opinyon politik oubyen filozofik, kondisyon sosyal yon moun entèdi. Tout moun gen dwa pou jwenn yon edikasyon san manke moso, ki dire anpil tan, ki gen bon kalite, kote chans tout moun egal, san limit pase sa a ki gen pou wè ak konpetans, vokasyon ak aspirasyon moun nan. (atik 32 ak 32.6 konstitisyon an)

3- Eske yon transjan ka soti nan lari abiye ak yon rad ki kadre ak sèks li idantifye tèt li?

Wi. Depi lalwa pa entèdi yon bagay, moun nan ka fè l. Leta anchaje pwoteje libète chak moun. Pa ka genyen ni kontravansyon, ni deli, ni Krim si lalwa pa te prevwa li. (atik 24, 24.1 konstitisyon an ak atik 4 kòd penal la).

4- Eske yon moun transjan ka enskri lekòl sou baz sèks li idantifye tèt li a?

Non. Yon moun enskri lekòl avèk ak nesans li, si li se yon timoun epi tou ak kat idantifikasyon nasyonal li si li majè. Nan pyès sa yo, sèks moun nan idantifye deja. Moun nan pa ka chanje sèks ki nan batistè li ak kat idantifikasyon nasyonal li. (atik 56 ak 88 kòd sivil la. Arè Lakou Kasasyon 27 avril 1942, atik 4 dekrè 1e jen 2005 sou Kat Idantifikasyon Nasyonal ak Ofis Nasyonal Idantifikasyon)

5- Eske yon moun tansjan ka pran foto ki sou kat idantite li pou montre idantite sèks li idantifye l ak li a?

Non. Idantikasyon yon moun pa fèt sou aparans fanm oubyen gason men sou sèks li. Nan ka sa lalwa pèmèt yon moun swa li fanm swa li gason. Enfòmasyon an enskri nan batistè li depi li fèt. (atik 56 ak atik 4 dekrè 1e jen 2005 sou Kat Idantifikasyon Nasyonal ak Ofis Nasyonal Idantifikasyon)

6- Eske yoo ka arete yon transjan pou sèl rezon li se yon transjan?

Non. Konstitisyon an pa defini sanksyon ni fè diskriminasyon paske yon moun nan popilasyon LGBTI a, se pou sa okenn moun pa ka arete oubyen mete yon moun nan prizòn si se pa ak yon

manda yon jij ekri pou yon kòz lalwa prevwa. Yo ka arete yon moun san manda sof nan ka flagran deli sa vle di yo kenbe l nan men. (atik 24.2 konstitisyon an)

7- Eske yon paran oubyen gadyen l ka fòse yon timoun ki nan popilasyon LGBTI fè terapi pou modifye preferans li ak idantite li?

Non. Enterè siperyè timoun nan dwe pase avan sa paran vle. Prensip sa a defini nan konvansyon sou dwa timoun Ayiti ratifye. (atik 3 konvansyon sou dwa timoun).

8- Eske yon patwon ka refize ba ou yon djòb oubyen revoke ou paske ou fè pati popilasyon LGBTI a?

Non. Travay se yon dwa, yon devwa ak yon fonksyon sosyal. Nou egzèsè dwa sa a anba pwoteksyon ak asistans Leta. Objektif li se fè pwomosyon travay ki gen diyite. Se pou sa tout kalite diskriminasyon entèdi pandan moun nan pral jwenn travay la ak lè li nan travay la. Leta garanti yon salè egal pou yon travay ki gen menm valè san diskriminasyon ki baze sou sèks ak lòt kalite. (atik 35 konstitisyon an)

9- Mwen se yon fanm transjan, mwen nan prizon nan men Lapolis oubyen lòt ajan Leta. Eske m ka mande pou yo mete m nan yon selil pou fanm ou dimwens separe m de gason yo?

Non. Tout moun ki pèdi libète yo se rezilta yon desizyon oubyen yon lòd yon otorite lajistis bay, ki pran enfòmasyon nan dokiman idantite moun nan. Se pou sa, moun nan ap nan selil ki marye ak sèks ki parèt nan dokiman idantite li.

10- Eske yo gen dwa fè vyolans anndan fanmiy kont popilasyon LGBTI a?

Non. Kòd penal la pwoteje tout moun kont vyolans kèlkeswa kote li soti. Nan ka vyolans sou fanm, Ayiti ratifye konvansyon Entèameriken Belem Dopara ak konvansyon Nasyonzini pou elimine tout fòm diskriminasyon sou fanm. Nan ka agresyon seksyèl, dekrè 6 jiyè 2005 genyen yon pèn ki pi lou (travay fòse pou toutan), si se yon moun ki gen otorite sou moun ki fè krim nan.

11- Mwen se yon moun transjan, eske mwen ka siyen yo papyè legal oubyen ofisyèl, oubyen louvri kont labank, dapre idantite jan mwen?

Non. Dokiman legal yo rekonèt pou itilize pou fè papyè oubyen mande yon sèvis piblik (elektrisite, dlo), tankou sèvis prive (louvri kont labank, lwe machin ak lòt ankò) se kat idantifikasyon nasyon oubyen paspò ou nan kèk ka. Nan dokiman sa yo, yo konsidere idantite a sou baz sèks, tout enfòmasyon dwe kadre ak sa ki anndan dokiman sa. (dekrè 1e jen 2005 sou kat idantifikasyon nasyon).

Popilasyon vilnerab: travayè/travayèz seksyèl yo

Pakse yo manke jwenn sekirite, yo sibi zak pou dechèpiye yo ak vyolans anba men lapolis, ajoute sou abi anba men kliyan yo ki frape yo, vòlè sa yo genyen, oubyen tou paske yo pa gen konesans ak zouti pou jwenn sèvis lapolis ak lajistis, avèk objektif pou mete nan prizon epi pini lotè zak vyolasyon dwa yo, fè popilasyon sa a yon gwoup vilnerab parapò a pwoteksyon ak garanti dwa yo.

Prejije sosyal yo konstui sistèm sosyalizasyon ak jesyon moun k ap fè travay seksyèl. Sa ki kreye majinalizasyon, diskriminasyon ak eksklizyon de dwa fondamantal moun yo. Sa parèt nan difikilte yo genyen pou rive jwenn ak refi sèvis tankou sante, edikasyon ak lajistis.

Devan tout evenman sa yo ki se yon pratik repete vyolasyon dwa moun travayè ak travayèz seksyèl yo, Komisyon Entèameriken Dwa Moun te montre jan l gen kè sote pou sitiyasyon mank sekirite jiridik fanm travayèz seksyèl yo nan Amerik la. Komisyon Entèameriken Dwa Moun nan te deklare “ *li egzije Leta nan rejyon an defini règ/nòm ak politik piblik pou garanti dwa moun travayèz seksyèl yo, sa ki gen ladan l mwayen pou pwoteje vi yo, entegrite yo, lonè ak diyite yo, konsa pou fini ak lonje dwèt ak diskriminasyon kont yo*”.¹²

Li enpòtan pou nou sinyale, dwa moun ak dwa fondamantal travayè seksyèl yo pa depaman ak dwa rès popilasyon an. Leta gen obligasyon pou li pwoteje respè yo, jan sa defini nan atik 19 la ki di:”Leta gen obligason pou l garanti dwa lavi, lasante, dwa pou respekte moun, pou tout sitwayen san distenksyon, jan Deklarasyon Inivèsèl Dwa moun nan di li.”

¹² <http://www.oas.org/es/cidh/prensa/comunicados/2017/036.asp>

Dwa travayè/travayèz seksyèl yo
Kesyon ki poze souvan

1- Eske travay seksyèl entèdi ann Ayiti?

Non. Ann Ayiti lalwa pa pini pwostitisyon depi se moun ki gen plis pase 18 lane ki fè li. (atik 281 kòd penal la). Libète pou travay garanti. Tout sitwayen oblije fè yon travay li chwazi pou satisfè bezwen li ak fanmiy li. (atik 35 konstitisyon an).

2- Eske yo ka mete yon travayè seksyèl nan prizon, sou sipozisyon li fè atanta kont lamoral?

Non. Atanta kont lamoral pa egziste nan kòd penal la. Men gen atanta kont mès yo. Nan ka sa se moun ki fè timoun nan fè pwostitisyon an yo ap arete. Epi tou konstisyon an di yo ka pousuiv, arete ak kenbe yon moun nan prizon sèlman nan ka lalwa prevwa ak nan fòm li di pou fèt. (atik 281 kòd penal la ak 24.1 konstitisyon an).

3- Eske yon travayè seksyèl ka pote plent pou agresyon, vòl oubyen yon kliyan ki pa peye l'?

Wi. Nenpòt moun ka pote plent si li viktim yon enfraksyon. Kèlkeswa li se rezilta, agresyon, vòl, oubyen yon travay ou reyalize yo pa peye ou. Pou agresyon ak vòl se yon aksyon penal alòske pou pa peye a se aksyon sivil. (atik 1 ak 2 kòd enstriksyon kriminèl la)

4- Kisa yon travayè seksyèl ka fè si lapolis dechèpiye li oubyen fòse l fè sèks?

Pote plent. Tout moun ki temwen yon enfraksyon ka denonse li. Tout moun viktim yon enfraksyon ka pote plent. Yo ka fè sa a nan kabinè enstriksyon, nan pakè, nan biwo ofis pwoteksyon sitwayen, nan tribinal de pè. (atik 11, 50, 51 kòd entriskyon kriminèl) Viktim nan ka al pote plent lan tou nan biwo enspeksyon jeneral lapolis la.

5- Ki dwa travay yon travayè seksyèl ka reklame?

Si l ap travay pou tèt li yon fason endepandan. Nan ka sa, moun pa ka reklame dwa travay. Men tou depi 1953, Ayiti ratifye konvansyon Nasyonzini sou represyon latrèt moun ak eksplwatasyon pwostitisyon lòt moun. Dapre konvansyon sa a, okenn twazyèm moun pa ka mele nan yon kontra pwostitisyon ant 2 moun. Sa vle di, espas ak moun patwon mete pou fè pwostitisyon epi pran kòb nan men yo se yon zak ki pa kadre ak konvansyon sa a. Men travayè a ka fè aksyon pou jwenn reparasyon dapre atik 1168 kòd sivil la.

6- Eske lapolis ka fòse m kite lari a paske m ap chache kliyan?

Non. Kanpe bò lari pou chache kliyan pa yon zak lalwa pini. Aksyon lapolis dwe chita sou sa lalwa trase. Dapre Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun nan atik 13 li, moun gen dwa pou yo sikile lib e libè. Otorite yo pa ka vyole fòm yon moun itilize pou kominike ak lòt moun dapre atik 49

konstitisyon an. Epi tou atik 24 konstitisyon an di ‘‘Leta garanti ak pwoteje libète moun genyen’’.

7- Eske yon timoun (moun ki ponkò genyen 18 lane) ka ofri sèvis seksyèl?

Non. Yon timoun ki ponkò genyen 18 lane pa ka ofri sèvis seksyèl epi tou ni yon moun pa ka itilize yo pou ofri sèvis seksyèl. Premye eleman, nan yon kontra fòk moun k ap fè kontra ka bay konsantman yo pou kontra valab. Nan ka yon timoun, li pa genyen kapasite pou l bay konsantman l. Epi tou atik 281 kòd penal la kondane moun ki ap itilize moun ki ponkò genyen 18 lane pou fè pwostitisyon. Pènan pi grav toujou si se manman, papa oubyen moun ki anchaj timoun nan ki favorize sa a.

Se responsablite fanmiy yo, Leta ak sosyete pou pwoteje timoun yo kont tout fòm eksplwatasyon, maltretans, abi ak neglijan ki ap afekte entegrite pèsonèl yo. Li entèdi pou fè kòmès, pwostitisyon ak itilize timoun nan zafè pònografi. Kòmès timoun vle di tout zak oubyen tranzaksyon kote yon moun oubyen gwoup moun transfere yon timoun bay yon lòt pou lajan oubyen tout fòm avantaj. Lalwa pini tout zak kote yon ofri, transpò, aksepte yon timoun nan objektif pou fèl sibi eksplwatasyon seksyèl.

8- Eske yon moun ka fòse yon lòt fè sèks ak li? Pran avantaj travay li oubyen sèvi entèmedyè?

Non. Lalwa kondane eksplwatasyon seksyèl kote yon gran moun fòse yon lòt gran moun fè sèks ak li san konsantman l. Se yon zak ki pa kadre ak lalwa pou pran avantaj ki soti ladan l tou. Oblije yon moun fè sèks san konsantman l se vyòl. Men si moun ki fòse l fè sèks la fè lajan sou moun li fòse a se yon ka latrèt moun. (atik 278 kòd penal la ak atik 1.1.17 sou latrèt moun).

9- Eske lapolis ka arete epi mete nan prizon yon travayè seksyèl yon fason abitè epi fouye l?

Non. Konstitisyon an ak kòd penal la pa di pwostitisyon se yon enfraksyon (fot ki gen yon pèn lalwa tabli) epi tou yo pa fè diskriminasyon kont travayè seksyèl yo. Kidonk, okenn moun pa ka arete l si se pa ak yon manda yon jij ekri selon pouvwa lalwa ba li, sof si yo bare moun nan nan men (flagra deli). Tout moun gen dwa pou yo respekte entegrite fizik, mantal ak moral yo epi yo pou yo viv san vyolans. Yo pa dwe fè okenn moun sibi lapèn, pwosedi k ap imilye li, ki kapab mennen nan fè l pèdi oubyen diminye sante li ak entegrite fizik ak sikolojik li. (atik 24.2 ak 25 konstitisyon an)

10- Eske yo ka refize yon travayè sèks jwenn sèvis sante?

Non. Tout moun gen dwa lasante san manke moso. Leta dwe asire pwoteksyon lasante pou tout moun, amelyorasyon sèvis sante yo, men tou mwayen pou fè prevansyon ak trete maladi yo, asire pou moun jwenn bon kalite medikaman, bay moun ki gen bezwen asistans medikal ak lopital gratis. Se yon obligasyon konstitisyon an tout lopital Leta dwe respkete. (atik 19 konstitisyon an).

Popilasyon vilnerab: Moun k ap pran dwòg

Premye bagay pou n konprann, pran dwòg kit li fèt dapre lalwa oubyen dèyè do lalwa, se yon desizyon pèsònèl ki pa fè moun nan pèdi dwa moun li. Sof dwa pou libète li, si yon tribinal kondane l pou mete l nan prizon. Dezyèm bagay, se depandans lan, lè li rive, ki tounen, dapre lasyans nan kesyon sèvo, yon pwoblèm sante piblik, jan Òganizasyon Mondyal Lasante rekonèt sa a.

Konsa, lonje dwèt ak diskriminasyon kont moun ki ap pran dwòg yo te tounen yon gwo anpechaman nan travay pou redui mal la epi bay tretman ki kadre.

Konsa, pi fò moun ki ap pran dwòg yo wè dwa yo vyole san rete, yo viktim diskriminasyon epi yo mete yo deyò nan resevwa sèvis tankou lasante ak lajistis. Ajoute abi lapolis, tretman ki pa kadre nan sistèm jistis la ak absans politik piblik pou rezoud pwoblèm nan, li preferab pou trete kesyon an nan yon pespektiv sante piblik, nan plas pèsèkisyon ak represyon.

Li enpòtan pou nou sinyale, lwa nan peyi a ki trete kesyon dwòg se lwa 7 dawou 2001 sou kontwòl ak represyon trafik dwòg ki fèt dèyè do lalwa. Estrateji lwa sa chita sou gwo pèn ak amand pou eseye evite itilizasyon dwòg. Menm si pèn ak amand lan pi piti si plantasyon, acha oubyen konsève dwòg la fèt pou konsomasyon pèsònèl.

Lwa sou dwòg sa, olye li konprann sityasyon moun k ap pran dwòg yo, epi defini mezi ki respekte dwa moun yo pou edikasyon ak remete yo nan sosyete a, mennen nan yon pwoblèm ki pi anrasinen. Sityasyon sa pa pèmèt yo mete mekanis an plas pou distenge moun k ap pran dwòg ak sa ki ap fè kòmès dwòg dèyè do lalwa. Pa genyen politik piblik ki vize amelyore kondisyon moun ki ap pran dwòg ki tonbe nan men rezo trafikant dwòg yo.

An reyalite lwa 7 Out 2001 an, nan lespri l ak nan pratik li, plis pote sanksyon pase li garanti dwa yo, espesyalman, kont moun k ap pran dwòg yo ak jèn ki anrisk yo.

Nan chapit sou enfraksyon ak pèn prensipal yo, lwa defini kategori moun sa yo ki patisipe nan pwodiksyon ak trafik dwòg dèyè lalwa:

Pwodiktè

Moun ki ap kiltive, fè pwodiksyon, preparasyon ak transfòmasyon dwòg dèyè do lalwa

Transpòtè entènasyonal

Moun ki patisipe yon fason dirèk oubyen ki pa dirèk nan transpòtè dwòg nan nivo entènasyonal.

Vandè/koutye

Moun ki ap ofri, vann, distribye, fè koutay sou dwòg

Fasilitatè

Moun ki kite aktivite pwodiksyon, vann, itilizasyon dwòg ap fèt anba je yo nan yon espas yo responsab. Moun ki bay preskripsyon dwòg an plezantri. Moun ki gen pou lite kont dwòg ki fè neglijan.

Itilizatè pèsònèl

Moun ki kiltive, achte oubyen kenbe ti kantite dwòg pou itilizasyon pèsònèl.

Lwa prevwa pèn sa yo pou chak kategori yo:

Kategori	Pèn ak amand
Pwodiktè	10 pou rive 30 an prizon ak 5 pou rive 10 milyon goud amand
Transpòtè entènasyonal	10 pou rive 30 an prizon ak 5 pou rive 10 milyon goud amand
Vandè/koutye	Prizon 30 an pou pifò ak 5 pou rive 10 milyon goud amand
Vandè pou itilizasyon pèsònèl	Prizon pou 5 an ak 100 pou rive 500 mil goud.
Fonksyonè/Fasilitatè	10 prizon ak 500 mil pou rive 5 milyon goud amand
Nenpòt moun ki fasilitatè	3 an prizon ak 100 pou rive 500 mil goud
Fasilitatè: moun ki gen yon espas ki louvri pou gran piblik epi ki kite dwòg ap itilize ladan l dèyè do lalwa	5 an prizon ak 100 pou rive 500 mil goud amand
Fasilitatè: moun ki ap òganize reyinyon oubyen espektak ki te konnen oubyen ki dwe konnen gen risk serye pou itilize dwòg	5 an prizon ak 100 pou rive 500 mil goud amand
Itilizatè pèsònèl	6 mwa prizon ak 5 mil pou rive 100 mil goud amand. Jij la ka deside tou pou mete moun nan tretman oubyen yon prizanchaj ki adapte.

Dwa moun ki ap pran dwòg

Kesyon ki poze souvan

1- Eske yon moun ki ap pran dwòg gen dwa pou resevwa sèvis pou retire l nan depandans?

Wi. Genyen òganis ki la pou bay moun ki bezwen retire kò yo anba depandans dwòg sèvis oubyen swen. Se Komisyon Nasyonal Lit kont Dwòg ki gen responsablite pou kòdone aksyon divès sèvis Leta, òganizasyon ki pa sou lobedyans gouvènman nan nivo nasyonal ak entènasyonal k ap entèvni nan domèn nan.

2- Eske Leta gen obligasyon pou bay moun ki pran dòz dwòg ki twò fò sèvis ijans pou anpeche yo mouri?

Wi. Tout moun gen dwa lasante san manke moso epi li entèdi pou yon moun sibi diskriminasyon pou rezon sèks, koulè po, laj, andikap, nasyonalite, lyen fanmiy, lang, relijyon, opinyon politik ak filozofik, nivo sosyal ak pèsònèl. (atik 19 konstitisyon an)

3- Eske yon moun ki pa ka reziste pou l pa pran dwòg (adiksyon) tribinal kondane ka mande sispansyon egzekisyon pèn nan?

Wi. Si se yon fanm ki gen 7 mwa ansent oubyen ki ap bay yon timoun tete ki gen mwens pase 6 mwa. Men fòk se pou yon jijman koreksyonèl ak senp polis. Li pa ka fèt nan ka se yon krim. (atik 1 lwa 14 septanm 1953).

4- Eske Leta gen obligasyon pou l asire egzistans sant tretman ki sifi ki respekte kalite ak estanda entènasyonal pou trete moun ki gen pwoblèm adiksyon?

Wi. Leta gen obligasyon pou l asire gen ase sant tretman ki respekte kalite prensip entènasyonal yo tabli avèk yon apwòch ki pa bliye dwa espesifik moun yo. Men lwa ki la kounye la, pa ankouraje Leta mete politik piblik ki kadre ak kritè entènasyonal yo.

5- Eske moun k ap pran dwòg gen dwa edikasyon?

Wi. Tout moun gen dwa ledikasyon san manke moso, ki gen bon kalite, ki dire toutan, nan menm kondisyon ak opòtinite, pa plis pase sa ki soti nan limit konpetans ak aspirasyon. Chak moun gen dwa edikasyon san okenn distenksyon. Leta garanti dwa edikasyon an. (atik 32 konstitisyon an).

6- Eske yo ka arete ou si ou anba efè dwòg si ou pa pote dwòg sou ou?

Non. Yo pa ka arete ou paske ou anba efè dwòg. Men depi ou kiltive, achte oubyen pote sou ou yon ti kantite dwòg yo ka arete ou. (lwa 7 out 2001)

7- Eske yo ka refize ba ou swen nan yon sant sante paske ou anba enfliyans yon sibstans?

Non. Tout moun gen dwa lasante san manke moso. Leta dwe degaje l, tout jan, tout mannyè, pou tout Ayisyen, fi kòm gason, timoun kou granmoun, jwenn lavi, lasante ak respè tout moun gen dwa jwenn, jan sa pale nan Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun. (atik 19 konstitisyon an)

8- Kisa ou ka fè si ou pote dwòg epi yo arete ou?

- a) Asire ajan idantifye li, non l ak fonskyon l, nan enstitisyon li ap travay.
- b) Nan moman yo arete ou a, yo dwe di ou dwa ou genyen.
- c) Ou gen dwa pou kominike tousuit ak yon manb fanmiy ou, avoka ou, oubyen yon moun ou fè konfyans ki gen dwa konnen ki kote ou ye ak pou ki rezon yo kenbe ou.
- d) Yo dwe voye ou devan jij ki gen konpetans pou sa nan delè 48è yo te areteou a. Si yo pa fè sa yo dwe libere ou.
- e) Otorite lajistis ki gen konpetans pou sa ap enfòmè ou de desizyon li pran nan menm peryòd la.
- f) San fòmalitye lalwa prevwa ak pou ka lalwa prevwa, yo dwe libere ou tousuit apre ou menm oubyen yon lòt moun fè demand lan.

Popilasyon vilnerab: Moun k ap viv ak defisyans/andikap

Se obligasyon Leta pou fè pwomosyon, pwoteje ak garanti juisans egal nan tout longè tout dwa moun yo ak libète fondamantal pou tout moun ki ap viv ak yon defisyans epi fè pwomosyon diyite yo genyen paske yo se moun.

Moun ki ap viv ak andikap yo gen nan yo moun ki gen defisyans fizik, entèlektyèl ak nan sans li yo pou anpil tan ki, nan entèksyon ak divès baryè kapab sèvi obstak pou anpeche yo patisipe nan sosyete yon fason efikas sou pye egalite ak lòt moun.

Lwa 21 me 2012 la sou entegrasyon moun andikape la pou fè pwomosyon prensip ak valè ki ka pèmèt entegrasyon san mank moun andikape yo nan tout espas nan sosyete Ayisyèn nan.

Lwa defini 3 gwo responsablite Leta ak sosyete a devan moun andikape yo nan atik 3,5,6,10:

Respè diyite	Pèmèt patisipasyon ak entegrasyon	Garanti aksè
<ul style="list-style-type: none"> • Pawòl ki gen diskriminasyon entèdi. 	<ul style="list-style-type: none"> • Andikape yo gen dwa pou jwenn solidarite nasyon an. • Leta ap mete pwogram pou entegrasyon an. 	<ul style="list-style-type: none"> • Leta garanti moun andikape yo pou jwenn sèvis swen sante, lojman, edikasyon nan tout nivo ak travay, jistis, enfòmasyon, lwazi ak espò, bon anviwonman fizik ak mwayen transpò ki kadre.

Dwa moun andikape
Kesyon ki poze souvan

1- Eske yon moun andikape ka ale nan menm lekòl ansanm ak moun ki pa andikape?

Wi. Tout moun gen dwa edikasyon. Leta garanti dwa edikasyon. Ansèyman lib nan tout degre. Se Leta ki kontwole libète sa a. Leta garanti moun ki gen bezwen espesyal yo pwoteksyon, edikasyon ak tout lòt mwayen nesèsè pou yo epanouyi ak pou entegrasyon oubyen reentegrasyon yo nan sosyete a. (atik 32 ak 32.8 konstitisyon an)

Moun ki gen defisyans fizik ka rantre lib nan lekòl prive oubyen piblik. Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl ap veye pou responsab lekòl prive ak piblik yo respekte dispozisyon sa a.

Moun ki gen defisyans entèlekyèl oubyen plizyè defisyans alfa gen aksè a edikasyon nan mezi kapasite yo.

Moun andikape yo dwe benefisye, nan sistèm edikatif la, aranjman ki nesèsè pou fasilite yo aprann ak kreye. (lwa 21 me 2012 sou entegrasyon moun andikape)

2- Eske moun ki gen pwoblèm pou l tande, lè yo al mande sèvis tankou lasante, edikasyon ak jisits, gen dwa jwenn sipò yon entepretè ki metrize langaj siy?

Wi. Lekòl, lopital ak tribinal yo dwe bay sèvis sa. Leta dwe garanti egzèsis dwa sa yo san mank. (atik 36 ak 53 lwa 21 me 2012)

3- Si yon moun ki avèg gen pou siyen yon dokiman ofisyèl oubyen legal, eske dokiman sa a dwe disponib nan ekriti Braille?

Siyati yon dokiman ofisyèl oubyen itilizasyon dokiman edikatif dwe nan fòm Braille epi Leta dwe garanti dokiman sa yo disponib. Nan ka sa repons lan se wi. Leta ak Ministè Edikasyon Nasyonal te genyen 12 mwa, depi dat lwa te pibliye, pou mete tout dokiman ofisyèl yo nan ekriti Braille.

Si se yon dokiman yon moun ki avèg mande pou fè pou li, dokiman sa a ap ekri nan fòm reglye, men l ap endike moun nan pa wè oubyen moun nan ap fè yon lòt moun reprezante l. Moun nan pa ka egzije fòm Braille la nan ka sa a.

4- Eske moun andikape ka marye?

Wi. Maryaj se yon enstitisyon sivil, ant 2 moun ki gen lespri yo sen (sa vle di yo pa fou, yo pa enbete), li sifi sèlman pou w pa nan yon relasyon maryaj deja epi pou w bay lib konsantman ou. San konsantman lib maryaj pa egziste. Granmoun kapab marye san yo pa bezwen otorizasyon paran yo, men pou yon minè, otorizasyon paran nesèsè. (atik 136 kòd sivil)

5- Eske yon moun ki gen defisyans entèlektyèl gen dwa ale nan lekòl regilye ak lòt moun ki pa andikape?

Moun ki gen defisyans entèlektyèl gen aksè a edikasyon nan mezi kapasite yo. Sa pral depann de kondisyon yo. Si sa mande pou gen anpil chanjman nan pwogram nan epi yo bezwen gwo sipò, yo dwe ale nan sant edikasyon espesyal. (atik 33 ak 38 lwa 21 me 2012)

6- Eske batiman ki louvri pou gran piblik yo dwe gen espas ki rezève pou moun ki gen andikap fizik oubyen ki pa ka mache?

Wi. Batiman piblik yo, dispozisyon achitekti yo, amenajman ak ekipman espas travay yo ak enstalasyon ki louvri pou gran piblik la dwe fèt yon fason pou fasilite aksè pou moun andikape yo. (atik 26 lwa 21 me 2012)

7- Eske yo ka bay moun ki gen andikap fizik, nan zye, entèlektyèl, nan sans yo, kontra travay?

Wi. Tout pratik diskriminasyon kont moun andikape pandan y ap bay djòb oubyen nan travay entèdi. Tout moun andikape ap fè travay ki nan mezi kapasite fizik ak entèlektyèl yo.

Tout etablisman agrikòl, kote yo ap vann sèvis, fè komès oubyen etablisman endistriyèl dwe gen moun andikape nan ekip moun k ap travay pou yo sou baz kalifikasyon moun andikape yo pou travay yo dwe fè a. kantite pòs yo tabli konsa:

Kantite manb ekip	Kantite andikape ki dwe genyen
21 pou rive 50 anplwaye	1
51 pou rive 100 anplwaye	2
101 pou rive 200 anplwaye	4
201 pou rive 300 anplwaye	6
300 pou rive 500 anplwaye	10
501 pou rive 800 anplwaye	16
801 pou rive 1000 anplwaye	20

Si etablisman genyen plis pase 1000 anplwaye, l ap genyen pou pi piti 2% manb pèsonèl li ki se moun andikape.

8- Eske moun andikape ka jwenn sèvis sante Leta mete anplas?

Leta ap ankouraje rechèch medikal ak ankèt sou koz ki fè moun vin andikape yon fason pou fè prevansyon, tretman ak readaptasyon.

Ministè Sante Piblik ak Popilasyon, nan mezi mwayen ak kapasite li, ap mete nan lopital piblik yo pwogram prevansyon, depistaj, deteksyon ak entèvasyon pou redui ak prevni risk andikap yo.

Ministè Sante Piblik ap Popilasyon kapab devlope patenarya ak sektè prive lasante a pou ofri sèvis sante nan zòn lavil ak riral pou moun andikape yo.

9- Eske yo ka anpeche moun andikape yo frekante yon sant pou edikasyon oubyen pou pran plezi pou sèl rezon yo se moun andikape?

Non. Lalwa entèdi tout sa ki atake diyite moun andikape yo. Tout kalite pwodui kiltirèl yo dwe disponib nan fòm pou andikape ka itilize yo. Espas kiltirèl yo tankou: sal teyat, mize, sinema, bibliyotèk ak kote pou touris vizite dwe ranje yon fason pou moun andikape yo ka gen aksè pou ale nan yo. (atik 3, 60, 63 lwa 21 me 2012)

Popilasyon vilnerab: Moun ki kite peyi yo pou vin tabli nan yon lòt zòn oubyen yon lòt peyi (Migran).

Lwa òganik 26 desanm 1978 sou sèvis imigrasyon ak emigrasyon (sèvis ki kontwòle rantre ak soti moun nan peyi a) klase etranje ki ap antre nan peyi a nan 2 kategori: vizitè ak imigran oubyen rezidan pèmanan. Nan pati sa a, n ap pale sèlman sou dwa konstitisyon an bay etranje yo ak obligasyon yo genyen dapre lwa 26 desanm nan. Men sa konstitisyon an di:

Atik 53

Lalwa regle nan ki kondisyon etranje gen dwa rantre nan peyi a, e nan ki kondisyon yo gen dwa rete ladan l.

Atik 54

Etranje ki nan peyi a, gen dwa jwenn menm pwoteksyon lalwa bay sitwayen Ayisyen yo.

Atik 54.1

Yon etranje gen tout dwa sivil li. Menm jan tou pou dwa moun genyen kòm moun, nan peyi a, ak dwa moun genyen nan afè lajan. Etranje sou zòd regleman lalwa mete : nan afè gen byen ak kay, nan afè gen yon plas oubyen nan afè travay nan yon metye, nan afè fè komès an gwo, nan afè gen yon ajans komès, nan afè fè machandiz antre soti nan peyi a.

Atik 55

Yon etranje ki rezide ann Ayiti, gen dwa gen yon kay pou li rete.

Atik 55.1

Men, yon etranje ki rezide ann Ayiti, pa gen dwa gen plis pase yon kay pou li rete, nan yon awondisman. Li pa janm gen dwa rantre nan komès lwe kay. Lalwa prevwa de regleman espesyal pou konpayi etranje k ap okipe bati kay.

Atik 55.2

Etranje ak konpayi etranjè ki rete ann Ayiti, gen dwa gen pwopriyete pa yo, kit se pou pèmèt yo fè travay lalwa ba yo pèmision fè nan peyi a, jan lalwa ba yo l la. Kit se pou travay tè, kit se pou komès, kit se pou endistri, kit se pou relijyon, kit se pou pote moun sekou, kit se pou ede moun jwenn konesans.

Atik 55.3

Okenn etranje pa gen dwa gen kay ki rive sou fwontyè peyi a.

Atik 55.4

Dwa yon etranje genyen, lè li rete ann Ayiti, pa vo ankò, senk (5) ane etranje a pa rete nan peyi a ankò. Menm bagay tou, pou konpayi etranjè yo, apre yo sispann fè travay, yo te ba yo pèmision fè nan peyi a, selon kondisyon lalwa mete pou yo remèt byen etranje oubyen pou yo likide yo.

55.5

Lalwa pini moun ki pa obeyi regleman sa yo, ansanm ak moun ki nan konfyolo ak yo, pou sa.

Atik 56

Lalwa regle nan ki kondisyon, yo gen dwa mete yon etranje deyò nan peyi a, lè l foure bouch li nan vi politik peyi a.

Atik 57

Refijye politik gen dwa jwenn azil nan peyi a.

Dwa etranje ki vin tabli nan peyi a (migran)

Kesyon ki poze souvan

1- Nan ki sitistasyon otorite yo ka depòte yo etranje ki vin tabli nan peyi a?

Si li rantre nan peyi a nan kondisyon ki pa kadre ak sa lwa 26 desanm 1978 la di, sa konvansyon ak trete Ayiti ratifye di. Sa vle di li se yon klandesten. Li pa genyen papye lalwa egzije. (atik 2 lwa 26 desanm 1978)

Gouvènman Ayisyen an bay tèt li dwa pou anpeche kategori moun sa yo antre nan peyi a:

1. Moun ki pa gen kapasite mantal oubyen tout lòt twoub oubyen maladi ki ka anpeche yo travay oubyen maladi li ka transmèt bay lòt moun.
2. Moun si yo antre nan peyi ta ka tounen yo gwo fado pou sèvis sosyal sante yo.
3. Moun lajistis kondane nan tribinal ki la pou tout moun.
4. Moun ki te oubyen ki nan aktivite ki antre nan yon plan aktivite kriminel òganize kote plizyè moun mete tèt yo ansanm pou fè yon zak lalwa ann Ayiti pini.
5. Moun ki ap sèvi espyon ak fè zak ki simen latwoublay kont enstitisyon demokratik yo.
6. Moun ki te ap travay oubyen ki ap travay pou monte tèt moun pou ranvèse lòd konstitisyonèl la ki tabli ann Ayiti.
7. Moun ki ta ka fè zak vyolans ki ka menase lavi ak sekirite moun ann Ayiti oubyen ki nan yon asosiyasyon ki ka fè zak sa yo.
8. Moun ki, dapre sèvis imigrasyon, pa imigran oubyen vizitè tout bon vre.
9. Moun gouvènman Ayisyen an te mete deyò epi ki vle retounen san li pa jwenn otorizasyon ministè defans nasyonal oubyen anilasyon desizyon ki te mete l deyò a.
10. Timoun ki anba 14 zan ki pa genyen yon paran oubyen yon moun ki akonpanye l ki ka responsab devan sèvis imigrayon.
11. Tout moun otorite yo jije ki endezirab.

2- Ki etranje yo ka mete deyò nan peyi a (depòte)?

Sèvis imigrasyon ka mete yon moun deyò nan kondisyon sa yo:

1. Li te rantre nan peyi a dèyè do lalwa. Sa vle di li se yon klandesten.
2. Genyen yon desizyon tribinal pran pou mete l deyò.
3. Vizitè ki pa respekte kondisyon ki te otorize l pase yon tan nan peyi a.
4. Vizitè ki pa genyen otorizasyon ki ap suiv kou nan inivèsite oubyen tout lòt kou fòmasyon teyorik oubyen pwofesyonèl.
5. Vizitè ki genyen yon djòb nan peyi a.
6. Vizitè ki rete plis tan nan peyi a pase sa yo te otorize l pase.
7. Vizitè ki pa kite peyi a nan delè yo te ba li apre otorite yo fin entèdi l pase tan nan peyi a.
8. Vizite yon tribinal pran desizyon pou mete l deyò epi yo pa te ba li tan pou desizyon an sispann aplike.

9. Tout etranje ki refize montre papye l lè yon ajan mande l sa. Ap genyen yon pwose vèbal ki konstate refi sa a.

3- Eske yon migran ka ale nan prizon paske l nan kondisyon ki pa kadre ak lalwa?

Wi. Men prizon pou yon ti bout tan, jiskake pwosesis depòtasyon an fin regle. (atik 36 ak 37 lwa 26 desanm 1978).

4- Eske yon etranje ki nan kondisyon legal oubyen ilegal ka ale nan prizon poutèt yon zak kriminèl li fè?

Wi. Aplikasyon lwa penal yo fèt pou tout moun ki abite ann Ayiti. Kit li Ayisyen oubyen etranje. (atik 5 kòd sivil la)

5- Eske etranje gen dwa jwenn asistans medikal?

Wi. Etranje ki nan peyi a, gen dwa jwenn menm pwoteksyon lalwa bay sitwayen Ayisyen yo. (atik 54 konstitisyon an). Men nan ka yon etranje k ap travay, dapre sa a kòd travay la prevwa, ap resevwa sèvis medikal nan antrepriz l ap travay la. Li dwe resevwa tou yon kat sante OFATMA ap bay. (atik 306,477, 478, 479, 480, 481)

6- Imigran yo gen dwa jwi dwa edikasyon yo?

Wi. Dapre atik 32 konstitisyon an, Leta dwe degaje l pou tout moun jwenn bon fòmasyon. Leta fèt pou li kontwole, si yo respekte dwa sa a. Se yon dwa tout moun genyen ni pou lespri yo anfòm, ni pou kò yo anfòm.

Men pou yon moun enskri lekòl fòk li genyen batistè li nan ka yon timoun.

7- Eske imigran yo ka fè rapò bay lapolis pou agresyon ak vòl yo sibi?

Wi. Tout moun gen dwa pote plent nan tribinal de pè, komisarya, pakè ak kabinè enstriksyon pou yon enfraksyon yo sibi. (atik 11, 20, 50 kòd entriksyon kriminèl la).

8- Eske yo fanm imigran ki pa gen bon papye ki viktim vyolans ka jwenn pwoteksyon sistèm legal Ayisyen an?

Wi. Lalwa nan peyi Ayiti pa mete fanm yo sou kote poutèt yo se imigran. Vyolans sou fanm se tout zak oubyen konpòtman, ki gen pou wè ak kondisyon fanm li, ki ka pote lanmò, fè ditò oubyen pote soufrans fizik, seksyèl oubyen nan mantal fanm nan, kit zak sa a fèt nan lavi piblik oubyen prive. Vyolans sou fanm gen ladan l: vyolans fizik, seksyèl ak sikolojik. (atik 1 ak 2 konvansyon entèameriken sou prevansyon, sanksyon ak eliminasyon vyolans sou fanm).

Popilasyon vilnerab: jèn yo mete sou kote nan sosyete a.


Jan sosyete a chapante a mennen nan kreyasyon yo seri prejije ki atake jèn yo, ki kreye estigmatizasyon ki redui dwa yo epi ki fè yo mal anpil avan yo vin granmoun. Men si sitiyaasyon sa a ajoute sou reyalite kote yo nan yon klas sosyal ki pòv, lide fiks (estereyotip) sa yo ogmante, epi genyen yon pwofil kriminèl ki konstui pou yo, ki li menm jistifye travay netwayaj sosyal kò represif Leta yo ap fè.

Sitiyaasyon sa a pote gwo difikilte pou jèn yo mete sou kote yo nan sosyete a ki ap viv nan katye popilè nan peyi Ayiti, sa ki gen gwo konsekans sou dwa fondamantal yo, kote yo sibi diskriminasyon nan espas travay yo, men kote yo limite yo nan move kalite sèvis sante, edikasyon, espò ak lakilti.

Sitiyaasyon sa a vin pi kritik lè genyen abi lapolis ki vini apre, kote anpil jèn nan katye popilè pòv yo ap sibi move tretman.

Tout bagay sa yo ap rive pandan genyen lwa ki pwoteje dwa jèn yo epi ki oblije Leta fè pwomosyon politik piblik ki kapab pèmèt tout jè Ayisyen devlope.

N ap jwenn dwa jèn yo nan dokiman sa yo:



Aktivite 5

- **Fòm 2 gwoup travay pou fè yon similasyon, premye gwoup la ap reprezante akizasyon an, l ap devlope agiman ki kont dwa popilasyon vilnerab yo.**
 - **Dezyèm gwoup la ap pran defans popilasyon vilnerab yo.**
 - **Agiman toulede gwoup yo ap itilize dwe anndan kad legal la (konstitisyon, lwa ak konvansyon entènasyonal yo).**
 - **Egzèsis la ap dire 1èd tan, repati gwoup yo sou menm prensip pou genyen ekilib. Apre egzèsis la, fasilite a ap fè obsèvasyon sou kòman chak gwoup te itilize enstriman jiridik yo.**
-

Dwa jèn yo mete sou kote nan sosyete a
Kesyon ki poze souvan

1- Si yo kenbe yon jèn nan gadavi, ki dwa li genyen?

Yon moun yo kenbe nan gadavi gen tout dwa yon moun genyen konstitisyon an bay, pami yo nou jwenn:

- Dwa pou yo arete l pou ka ak nan fòm lalwa prevwa.
- Dwa pou genyen yon manda arestasyon sof nan ka flagran deli.
- Dwa pou pa sibi presyon moral ak brutalite pandan yo ap poze ou kesyon.
- Dwa pou w pa sibi rigè ak kontrent ki pa nesèsè pandan arestasyon oubyen gadavi a.
- Dwa pou genyen yon avoka oubyen yon temwen ou fè konfyans.
- Dwa pou yo pa kenbe l plis pase 48èd tan apre arestasyon an san l pa wè yon jij.
- Dwa pou ale devan yon jij pou decide si arestasyon an oubyen detansyon an kadre ak lalwa.
- Dwa pou w pousuiv devan tribinal lotè arestasyon ak detansyon an si li pa kadre ak lalwa.
- Dwa pou pousuiv anplwaye Leta pou responsablite penal yo epi pou pousuiv Leta pou responsablite sivil li.
- Li pa ka temwanye kont tèt li. (atik 24.1, 24.2, 24.3, 25.1, 26, 26.1, 26.2, 27, 27.1, 46 konstitisyon an)

2- Nan ka arestasyon, eske yo dwe ba ou manje?

An prensip wi, Leta te dwe garanti sa a. Men nan reyalite a se moun jij ap mennen ankèt sou yo oubyen tribinal deja kondane yo bay manje. Menm sa a pa fèt byen.

3- Eske yo ka transpòte yon moun anba gwo solèy oubyen lapli dèyè yon pikòp?

Non. Tout moun gen dwa pou yo lib epi pou sekirite pèsònèl yo garanti. Yo pa gen dwa al dèyè yon moun, ni arete l, ni mete l nan prizon, san se pa pou yon rezon lalwa prevwa, ak jan lalwa di sa dwe fèt. Yo pa gen dwa arete pèsonn ni yo pa gen dwa fèmen pèsonn moun nan prizon san se pa ak yon manda yon otorite ekri, selon pouvwa lalwa ba li, sòf si yo bare moun nan, nan men. Yo pa gen dwa fè fòs ak yon moun yo vin pran oubyen yo vle kenbe nan prizon, san pa gen nesosite pou sa. Yo pa gen dwa fè yon moun menas, ni yo pa gen dwa maltrete l, pou fè l pale. (atik 24.1, 24.2 ak 25 konstitisyon an)

4- Eske yo ka refize bay paran moun yo kenbe nan prizon oubyen gadavi a enfòmasyon?

Non. Tout moun gen dwa pou kominike ak fanmiy li, avoka oubyen yon moun li fè konfyans. Yo pa gen dwa entèwoje (poze kesyon) okenn moun san se pa an prezans avoka l oubyen an prezans yon temwen moun nan chwazi. (atik 25.1 konstitisyon an)

5- Eske moun ki nan prizon gen dwa jwenn medikaman?

Wi. Dwa lasante a se yon dwa fondamantal ki dwe garanti nan tout sikonstans. (atik 19 konstitisyon an)

6- Eske yo ka fòse etidyan ale nan lekòl diswa paske li marye oubyen li genyen timoun?

Non. Tout kalite diskriminasyon entèdi. Tout Ayisyen, fi kòm gason, moun marye tankou sa a ki pa marye, kapab sèvi ak dwa sivil ak politik yo. Tout Ayisyen egal ego devan lalwa, anwetan sèten avantaj, Ayisyen natif natal yo genyen, depi yo pa te janm pa Ayisyen ankò. (atik 17 ak 18 konstitisyon an)

Sonje...

- ✓ Egalite vle di pou lalwa, tout moun menm, e okenn moun pa ka jwenn tretman espesyal oubyen diskriminatwa ki baze sou kondisyon ekonomik, politik, relijyon, pratik sosyal ki baze sou sèks, koulè, laj, andikape, nasyonalite, lyen famiyal, lang, opinyon politik ak filozofik, kondisyon sosyal ak pèsonèl.
- ✓ Vilnerab se moun ki gen, pou divès rezon, kapasite yo diminye pou kontre ak vyolasyon posib dwa moun yo.
- ✓ Vilnerabilite sa a pran rasin li nan estigmatizasyon (lonje dwèt) ki marye ak kondisyon byen espesyal tankou andikap, pratik sosyal ki baze sou sèks, oryantasyon seksyèl, moun ki nan yon etni ki pa gen anpil moun parapò a gwo popilasyon an, migran yo, gran moun ki gen anpil laj, ki pèmèt yo idantifye yon moun kòm manb yon gwoup ki, nan règ jeneral, nan kondisyon ki pa nan menm nivo ak rès majorite popilasyon an.
- ✓ Tout dwa fondamantal yo anndan konstitisyon an epi se pou tout siwayen yo ye, men gen kèk lwa ki bay kèk dwa pou pwoteksyon sèten popilasyon vilnerab:
 - **Prensip Jogjakarta.** Dwa tout LGTBI ansanm.
 - **Lwa 7 Out 2001 ann Ayiti.** Dwa moun k ap pran dwòg.
 - **Lwa 21 me 2012 ann Ayiti .** Dwa moun andikape.

Modil III

Fondman legal pou aji devan tribinal

Yon aksyon devan tribinal dwe ranpli 4 kondisyon pou espere l avanse:

Dwa: genyen yon dwa ki an danje oubyen ki vyole.

Enterè : Si pa gen enterè pa gen aksyon. Enterè a se mezi aksyon yo. Sa vle di ou pa ka soulve yon kontestasyon si sa pa vle di anyen pou ou. Si ou pa sibi anyen ou pa ka kòmanse yon aksyon pou mande domaj enterè.

Kalite: Pati a dwe twouve l nan yon kalite jan lalwa egzije sa a. Se sa yo rele kalite pou w aji. Pa egzanp pou yon moun pote plent fòk li ka montre li se yon viktim.

Kapasite: Se sa ki gen pou wè ak kapasite fizik ak moral moun nan. Genyen yon laj yon moun genyen ak yon eta mantal li twouve l ki fè li pa gen kapasite pou aji. Pa egzanp yon timoun ak yon moun ki fou pa gen kapasite pou aji devan tribinal.

Dwa aji devan tribinal chita anndan Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun nan, kòd sivil la ak kòd entriksyon kriminel la.

Kòd sivil la di : ‘tout zak yon moun fè ki fè lòt ditò, moun fot la soti deli a dwe repare tò sa a’.(article 1168)

Mwen nan men lapolis, ki dwa m genyen?

Wi, konstitisyon Ayiti a ak lòt lwa bay yon moun, otorite yo arete oubyen kenbe nan prizon, dwa sa yo:

Dwa pou yo arete ou pou ka, ak nan fòm lalwa prevwa

- Yo pa ka arete ou pou yon ka lalwa pa prevwa epi sa a dwe fèt nan fòm lalwa prevwa.

Dwa pou gen yon manda arestasyon sof nan ka flagran deli

- Yo pa ka arete yo moun oubyen kenbe l nan prizon san yon manda, sof nan ka flagran deli

gen kondisyon pou manda egzèkite

- manda dwe ekri an kreyòl ak an franse motif arestasyon an oubyen detansyon/prizon an ak lwa ki pini zak la.
- yo dwe bay moun kopi manda
- manda a dwe di prevni an li gen dwa pou gen yon avako nan tout faz enstriksyon an jis pou rive nan jijman
- arestasyon an pa ka fèt ant 6zè aswè ak 6zè maten sof nan ka flagran deli.
- Yo pa ka arete yon moun nan plas yon lòt

Dwa pou pa sibi britalite fizik ak presyon moral pandan entèwogatwa, rigè ak kontrent ki pa nesesè pandan arestasyon ak detansyon an

- Li entèdi pou egzèse rigè ak kontrent ki pa nesesè pandan arestasyon ak detansyon an. Li entèdi tou pou fè presyon moral ak britalite fizik pandan entèwogatwa.

Dwa pou gen yon avoka oubyen yon temwen

- Yo pa ka poze yon moun kesyon san l pa genyen yon avoka oubyen yon temwen li chwazi.

Dwa pou yo pa kenbe l plis pase 48èd tan apre arestasyon san li pa wè yon jij

- Yo pa ka kenbe yon moun nan prizon si li pa parèt devan yon jij ki dwe deside si arestasyon legal ou pa 48èd apre arestasyon an, epi tou si jij la pa konfime detansyon an nan yon desizyon li motive

Dwa pou ale devan yon jij pou decide si arestasyon an oubyen detansyon an legal

- nan ka deli oubyen krim prevni an gen dwa ale devan dwayen tribinal sivil premye enstans lan pou mande l decide sou legalite arestasyon oubyen detansyon an.

Dwa pou pousuiv devan tribinal otè arestasyon an ak detansyon an si li pa kadre ak lalwa (ilegal)

- Tout vyolasyon dispozsyon ki konsène libète endividyèl se yon zak abitè. Moun ki viktim yo ka pousuiv lotè zak sa yo devan tribinal.

Dwa pou pousuiv anplwaye Leta pou responsablite penal yo epi pou pousuiv Leta pou responsablite sivil li.

- si arestasyon an ak detansyon an ilegal, prevni an ka pousuiv fonksyonè ak anplwaye Leta pou l sibi pèn lalwa prevwa pou sa a. Li kapab pousuiv Leta pou reparasyon sivil (domaj ak enterè).

Dwa pou pou pa temwanyè kont pwòp tèt pa li oubyen kont paran l

- Lè gen krim, lè gen deli, lè gen kontravansyon, yo pa kapab fòse yon moun sèvi temwen kont pwòp tèt pa li oubyen kont paran l, kit se fanmi pre (rive jis nan katriyèm degre), kit se fanmi paralyans (rive jis dezyèm degre).

Ki kote m ka ale lè dwa m pa respekte ?

Pou w konnen ki kote pou w ale si dwa w pa respekte, ou dwe konnen avan ki kalite zafè li ye epi eske se ak administrasyon piblik la ou annafè.

Si se yon kesyon travay ou prale devan tribinal travay. Si se yon zafè pwopriyete ak posesyon byen ou prale devan tribinal de pè oubyen tribinal sivil. Sa depan de valè byen an. Si se nan ka yon zafè penal (kontravansyon, deli oubyen krim) ou ka ale nan tribinal de pè, komisarya, pakè a pou pote denonse zak la oubyen pote plent.


Kilès ki ka denonse oubyen pote plent nan ka yon kontravansyon, yon deli oubyen yon krim ?

Nenpòt moun ki temwen yon kontravansyon, yon deli oubyen yon krim ka denonse l. Men se sèl pati ki viktim nan ki gen dwa pote plent. (atik 20 ak 50 kòd enstriksyon kriminèl la)

Sistèm pwoteksyon ann Ayiti kont vyolasyon dwa lavi, entegrite fizik ak byen moun

Lè dwa yon moun vyole sou fòm move pawòl, kou, blesi, lanmò, menas, vòlè, abize konfyans moun, itilize twonpri pou pran byen moun, etc... moun nan kapab pote plent devan otorite sa yo :

- ✓ Komisarya polis la.
- ✓ Tribunal de pè a.
- ✓ Nan pakè (biwo komisè gouvènman).
- ✓ Jij enstriksyon an ak konstitisyon pati sivil.



Kisa ou dwe fè pou pote plent ?

Yon fwa ou deside pote plent sa vle di ou chwazi ale nan yonn nan 4 kote sa yo : komisarya, tribinal de pè, pakè oubyen kabinè enstriksyon. Ou dwe :

1. Bay tout non li ak tout detay sou nimewo idantite li.
2. Bay adrès ou ak telefòn pou yo ka kontakte ou.
3. Bay non ak adrès moun ki ta ka sèvi temwen.
4. Pandan ou ap deklare sityasyon ki koze domaj la, pou bay enfòmasyon sa yo :
 - ✓ Kisa ki pase ? se eksplikasyon fè a.
 - ✓ Kilès ki enplike? Idantifye ki moun ki lotè zak la.
 - ✓ Ki kote? Eksplike nan ki zòn zak la pase.
 - ✓ Kilè? (lè, jou, mwa, ane)
 - ✓ Kòman? Dewoulman sa a ki pase a.
 - ✓ Kisa ou espere ki dwe fèt? (Mande pou ankèt fèt, pou pwoteje lavi ou/libète ou)

Otorite kote ou te pote plent lan dwe ajè dapre konpetans lalwa ba li.

Kisa chak antite sa yo dwe fè ak plent lan ?

Antite	Aksyon posib
Komisarya	- Fè yon rapò voye bay jij depè komin nan
Jij de pè	- Jije ka si se yon kontravansyon. - Fè enfòmasyon preliminè voye bay komisè gouvènman si se yon deli oubyen yon krim.
Komisè gouvènman	- Fè yon klasman san suit si li jije pa genyen ase prèv. - Voye dosye a nan kabinè enstriksyon pou ankèt.
Jij entriksyon (plent ak konstitisyon pati sivil)	- Kominike plent lan bay komisè gouvènman.

Aksyon an Abeyas Kòpous (Habeas Corpus)

Lè dwa libète yon moun vyole, li gen dwa ale devan tribinal pou l jwenn respè ak pwoteksyon dwa sa a. Aksyon sa a rele abeyas kòpus. Prensip aksyon sa a defini nan atik 26, 26.1 ak 26.2 konstitisyon an.

“Lè yo arete yon moun, yo pa gen dwa kenbe l nan prizon plis pase karantuit (48) èd tan depi yo te arete l la, san yo pa mennen l devan yon jij. Jij la va deklare si yo te arete moun nan legal, e li va bay bon rezon ki fè li deside, se pou yo kenbe moun nan.”(atik 26)

“Si se pou yon kontravansyon, yo va mennen moun yo akize a devan yon jij de pè, ki va fè yon desizyon yo pa ka chanje.

Si se pou yon fòt(deli) oubyen yon krim, moun yo akize a pa bezwen okenn pèmisyon, pou li mande jijman, devan dwayen yon tribinal ki la pou sa. Yo rele tribinal sa a : tribinal pou premye jijman. Se dwayen tribinal sa a, ki gen dwa fè yon desizyon espesyal, tousuit, san li pa chita sou okenn lòt kòz. Selon sa komisè gouvènman an va fè dwayen tribinal la konnen, se san dwayen an pa pèdi tan, li va deklare, si daprè lalwa, yo te gen dwa arete moun nan, e si yo gen dwa kenbe l nan prizon.”(atik 26.1)

“ Si yo twouve, yo pa te arete moun nan legal, jij la dwe pase lòd lage l tousuit. Yo dwe obeyi desizyon jij la san yo pa pèdi tan, menm si yo te mande pou kòz la ale ann apèl, devan tribinal kasasyon, oubyen pou yo pa obeyi jijman.” (atik 26.2)

Ki sistèm entènasyonal ki egziste pou garanti pwoteksyon dwa moun?

Sistèm entèrameriken dwa moun. Eta Ameriken yo, nan kad òganizasyon Eta Ameriken (OEA) te adopte plizyè enstriman entènasyonal ki vin tounen enstriman ki la pou fè pwomosyon ak pwoteksyon dwa moun e se li menm yo konnen kòm sistèm entèrameriken dwa moun.

Enstriman entènasyonal yo fè Leta yo obligasyon pou yo fè pwomosyon pou dwa moun epi garanti li, se poutèt sa yo te kreye kèk ògan ki gen pou misyon veye pou tout dispozisyon sa yo respekte kòm sadwa, pami ògan sa yo nou jwenn komisyon enteramerikèn Dwa moun ak lakou enteramerikèn Dwa moun.

Ki konvansyon oubyen ki trete entèrameriken ki pale de dwa moun?

- a) Konvansyon Amerikèn sou dwa moun, “ Pak San José nan Peyi Kosta Rika”, 1969;
- b) Konvansyon Enteramerikèn pou prevni epi Sanksyone Tòti, 1985;
- c) Pwotokòl Adisyonèl a konvansyon Amerikèn nan kesyon dwa ekonomik, sosyal, kiltirèl, “Pwotokòl San Salvador”, 1988;
- d) Pwotokòl a konvansyon Amerikèn sou dwa moun ki marye ak abolisyon pèn pou touye moun, 1990;
- e) Konvansyon entèramerikèn pou fè prevansyon, sanksyone epi fini nèt avèk vyolans k ap fèt sou Fanm, “Konvansyon Belém do Pará ”, 1994;
- f) Konvansyon enteramerikèn sou disparisyon fòse, 1994;
- g) Konvansyon entèramerikèn pou elimine tout fòm diskriminasyon kont moun ki andikape, 1999.

Kisa ki konvansyon amerikèn nan?

Konvansyon amerikèn nan se yon trete entènasyonal ki pale de tout libète ak tout dwa Eta Pati yo dwe respekte, apresa nan menm konvansyon an li endike komisyon an ak lakou se ògan konpetan pou tabde zafè yo prezante yo, sizoka yo pa ta respekte angajman yo nan tan fonksyonman yo.

Ki dwa moun konvansyon Amerikèn nan pwoteje?

Dwa pou yo rekonèt moun kòm pèsonalite jiridik	Dwa pou gen lavi
Dwa a entegrite pèsònèl	Dwa tout moun genyen pou yo nan lesklavaj ak domestisite
Dwa pou gen libète pèsònèl	Dwa pou yo ka rasanble (Reyini)
Dwa Garanti jidisyè	Libète asosiyasyon
Prensip Legalite ak non retwoaktivite	Dwa pwoteksyon la Fanmi
Dwa pou tout moun kapab jwenn endamnizasyon selon la lwa sizoka yo te kondane yo a on santans fèm pa erè jidisyè.	Dwa pou gen yon non
Dwa pou pwoteksyon lonè ak Diyite	Dwa pou w sikile ak dwa pou w gen yon rezidans
Dwa pou w gen libète konsyans ak libète relijyon	Dwa pou w gen libète pou w panse ak libète ekspresyon
Dwa pou w fè Rektifikasyon oubyen dwa pou w bay repons	Dwa propriyete prive
Dwa tout timoun (Tifi /Ti gason)	Dwa politik
Dwa pou w gen yon nasyonalite	Dwa devlopman san rete, dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl yo
Dwa pou tout moun Egal devan lalwa	Dwa Pwoteksyon Jidisyè

Kisa Trete enterameriken dwa moun yo entèdi?

Deklarasyon Amerikèn nan ak konvansyon Amerikèn nan entèdi zak sa yo pami plizyè lòt:

Tòti ou tretman kriyèl, tretman ki pa tretman moun, tretman ki degrade w kòm moun	Retablisman pèn touye moun nan peyi ki te aboli l yo;
Vyolans fizik, vyolans seksyèl ou sikolojik e diskriminasyon	Disparisyon fòse
Diskriminasyon kont moun ki andikape	

Kisa ki komisyon entèamerikèn dwa moun yo?

Nan senkyèm reyinyon konsiltasyon ak minis relasyon ak lòt peyi, ki te fèt soti 12 rive 18 Dawou nan lane 1959, nan Santiago Chili, yo te deside kreye komisyon enteramerikèn dwa moun, pou fè pwomosyon dwa moun nan rejyon an, avèk fonksyon, konpetans espesifik pou veye sou Eta manb òganizasyon Eta Ameriken an pou wè si y ap respekte sa ki di nan sa ki rele enstriman enterameriken dwa moun nan.

Komisyon an gen ladann 7 manm endepandan/ gason /fanm, ekspè nan domèn dwa moun, ki pa reprezante okenn peyi epi se asanble jeneral OEA ki eli moun nan pòs sa yo.

Ki fonksyon komisyon an?

Fonksyon Komisyon an se fè pwomosyon pou yo respekte dwa moun yo nan tout Amerik la epi defann dwa sa yo.

Komisyon an egzèse fonksyon li nan sa nou pral site la yo:

- a) Vizit nan lòt peyi, aktivite oubyen inisyativ tematik.
- b) Preparasyon rapò sou sitiyoasyon dwa moun nan yon peyi oubyen sou yon tematik popilè.
- c) Adopsyon mezi prekasyon oubyen demand mezi provizwa nan kou Entèameriken Dwa Moun.
- d) Pwosesis ak analiz petisyon endividyèl nan lide pou detèmine responsabilite entènasyonal Leta yo nan kesyon vyolasyon dwa moun epi fè rekòmandasyon yo konsidere ki nesesè.

Konsènan petisyon komisyon an egzamine, yon moun kapab prezante yo, yon gwoup moun kapab prezante yo, oubyen òganizasyon ki lonje dwèt sou vyolasyon dwa moun deklarasyon Amerikèn dwa moun ak devwa moun, (Deklarasyon amerikèn nan), konvansyon amerikèn sou dwa moun (Konvansyon Amerikèn nan) ak lòt trete enteramerikèn dwa moun rekonèt kòm vyolasyon.

Petisyon kont vyolasyon dwa moun

Denonsyasyon an dwe prezante kont youn oubyen plizyè Eta manm OEA ke yo konsidere ki vyole dwa moun ki anndan deklarasyon Amerikèn nan, anndan Konvansyon Amerikèn nan ak anndan lòt trete enteramerikèn dwa moun.

Leta a ka responsab vyolasyon dwa moun akòz:

- a) **Aksyon** (kòm konsekans de yon bagay li fè, yon ajisman li fè oubyen fason youn nan ajan Leta sa a aji)
- b) **Sa li dakò ak li (konsantman)** (kòm konsekans konsantman menm si Leta pa di anyen. oubyen moun ki nan leta a, (Ajan etatik yo)
- c) **Sa li pa fè** (se lè Leta a oubyen ajan li yo pa aji, lè yo ta sipoze fè sa)

Eske komisyon an kapab decide detèmine responsabilite yon moun?

Non. Komisyon an pa gen konpetans pou di si yon moun responsab, sa vle di, komisyon an pa kapab decide si yon moun koupab ou non. Komisyon an kapab selman detèmine responsabilite entènasyonal yon Leta manm OEA.

Ki rezilta m ka atann si mwen depoze yon petisyon pou vyolasyon dwa moun kont yon manm OEA?

Nan ka komisyon an ta detèmine yon Leta responsab pou zak vyolasyon dwa yon moun oubyen yon gwoup moun, y ap fè yon rapò soti ki ap genyen anndan li rekòmandasyon sa yo pou Leta ki konsène a:

- ✓ Sispann zak vyolasyon dwa moun;
- ✓ Mennen investigasyon epi sanksyone moun yo jwenn ki responsab zak sa yo;
- ✓ Repare tò yo fè yo ;
- ✓ Entwodwi kèk chanjman nan sa lalwa di; e/oubyen
- ✓ Mande pou yo adopte lòt mezi oubyen lòt aksyon bò kote Leta a li menm
- ✓ Sa ka rive tou yo eseye jwenn yon solisyon nan zanmitay sou kesyon an ak Leta a.

Nan ki ka komisyon an pa kapab entèvni?

Komisyon an pa kapab:

- ✓ Pwononse li konsènan yon Leta ki pa manm OEA;
- ✓ Bay avoka pou bay asistans nan pwosesis jidisyè entèn oubyen pou prezante
- ✓ Yon petisyon oubyen yon demann mezi prekasyon devan komisyon an;
- ✓ Bay èd ekonomik oubyen enstriman travay pou moun yo;
- ✓ Fè demach devan imigrasyon , oubyen fè demach pou bay moun yo viza oubyen azil politik

Sou Kisa komisyon an baze li pou li detèmine si on Leta vyole dwa moun oubyen non?

- 1) Komisyon an egzamine petisyon ki lonje dwèt sou zak vyolasyon dwa moun yo: konvansyon amerikèn, pou Leta ki te ratifye l yo.
- 2) Pou Leta manm ki poko siyen li yo, yo kapab pale de vyolasyon dwa moun Deklarasyon Amerikèn nan mansyone.
- 3) Yo kapab pale de vyolasyon yon dwa ki mansyone nan yon lòt trete ki pale de dwa moun nan sistèm nan depi Leta ki an koz la te ratifye li e selon kondisyon yo ka aplike yo.

Ki Eta ki te ratifye konvansyon Amerikèn nan?

Peyi ki ratifye konvansyon amerikèn nan se:

Ajantin, Babad, Bolivi, Brezil, Chili, Kolonbi, Kosta Rika, Ladominik, Ekwatè, El Salvadò, Grenad, Gwatemala, Ayiti, Onndiras, Jamayik, Meksik, Nikaragwa, Panama, Paragwe, Perou, Repiblik Dominikèn, Sirinam, Trinidad, Irigwe ak Venezyela.

Avan m prezante devan komisyon an èske m dwe respekte yon pwosedi jidisyè?

Wi. Pou komisyon an kapab egzamine yon petisyon, yo dwe fin itilize tout resous jidisyè entèn yo selon lwa ki ap aplike nan Eta ki konsène a.

Kisa sa siyifi pou w epwize tout resous jidisyè yo?

Sa siyifi tout moun ki vle prezante yon petisyon devan komisyon an dwe tann tribinal nasyonal yo decide avan sou sitiyasyon yo denonse a. Yon moun epwize tout resous entèn yo se lè pouvwa jidisyè a emèt yon desizyon ki sòti nan enstans ki pi wo a.

Sizoka li pa posib pou yo epwize tout resous entèn yo, yo va genyen pou eksplike rezon yo pwiske règ ki di pou w epwize resous entèn yo avan an gen kèk eksepsyon ladann.

Ki eksepsyon ki genyen nan kesyon epwize resous entèn yo?

Komisyon an kapab etidye petisyon yo poko epwize tout resous pou li an.

- 1) Si lwa entèn yo pa etabli pwosesis ki dwe respekte a pou pwoteje dwa yo di ki vyole yo.
- 2) Si yo pa pèmèt prezime viktim nan gen aksè a resous entèn yo oubyen yo anpeche l epwize yo
- 3) Si gen reta nan yon desizyon final sou ka a san yo pa bay yon rezon valab.

Kilè mwen dwe prezante petisyon mwen?

Petisyon mwen dwe prezante pandan 6 dènye mwa ki swiv dat notifikasyon dènye desizyon lajistis la ki te fini itilize resous entèn yo.

Lè gen yon eksepsyon nan epwizman resous entèn yo, delè 6 mwa a pa kenbe. Nan ka sa a, petisyon an dwe prezante nan yon delè rezonab.

Kiyès ki kapab prezante yon denonsyasyon devan komisyon an?

Kèlkeswa moun nan— kèlkeswa gwoup moun nan - oubyen òganizasyon an ka parèt oubyen l ka fè yo reprezante li, kapab prezante yon petisyon pou denonse yon vyolasyon dwa moun kont youn oubyen kont plizyè Leta ki nan OEA.

Yon moun kapab ap prezante yon petisyon epi se li menm ki tou prezime viktim nan menm petisyon an.

Si Prezime viktim nan vle chanje reprezantasyon an oubyen li vle parèt kòm moun k ap prezante petisyon an se non li ki nan menm petisyon an, li dwe kominike sa imedyatman bay komisyon an nan yon lèt l ap ekri, pwiske, an jeneral, komisyon an ap rete an kontak avèk pati ki voye petisyon an. An plis de sa, nan k a ta gen yon chanjman adrès oubyen yon lòt chanjman nan done kontak yo, li enpòtan pou nou voye di sa ak yon lèt ekri.

Nan ki lang mwen dwe prezante petisyonm an?

Lang ofisyèl CIDH (Komisyon Entèamerikèn Dwa Moun) se lang panyòl, angle, pòtigè ak franse, epi an jeneral ou dwe sèlman voye petisyon an nan youn nan lang sa yo Leta a itilize. Poutan, si gen yon pwoblèm kèlkonk pou yo ka fèl konsa, yo kapab kominike sityasyon an bay komisyon an pou l kapab konsidere li.

Antouka, li enpòtan pou nou konnen si nou deside fè demach oubyen petisyon an, yo dwe transmèt li bay Leta a nan lang ofisyèl li itilize. Se pou rezon sa a, lè yon petisyon pa nan lang nou di an, li posib pou komisyon an mande pati ki voye petisyon an pou li jwenn mwayen nesèsè pou yo tradui l.

Èske m bezwen yon avoka pou m ka prezante petisyon m nan?

Non. Komisyon an pa egzije w pou gen avoka pou w prezante petisyon an ni fè demach la.

Eske pou w prezante petisyon ou gen yon lajan pou w peye?

Non. Tout pwosedi devan komisyon an gratis.

Kisa petisyon m nan dwe gen ladann?

Tout petisyon dwe gen ladann:

- a) Done prezime viktim yo ak pa manm fanmi yo;
- b) Done pati moun ki voye petisyon an, tankou non konplè, telefòn, adrès postal ak adrès kourye elektwonik
- c) Yon deskripsyon konplè, klè, detaye de sa yo repwoche yo ki dwe gen ladann kijan sa te fèt, ki lè, ki kote bagay yo te pase, epi di ki Leta ki responsab zak vyolasyon dwa moun nan;
- d) Endikasyon otorite Leta yo konsidere kòm responsab nan sa k pase a.
- e) Dwa yo konsidere ki vyole yo, si posib.
- f) Enstans jidisyè oubyen otorite nan Leta a yo te kontakte pou jwenn solisyon pou dwa yo di ki vyole a.
- g) Repons Otorite jidisyè yo, espesyalman tribinal jidisyè yo
- h) Si li posib, kèk kopi senp , moun kapab li fasil de resous prensipal yo ak desizyon jidisyè entèn ak lòt anèks yo panse ki enpòtan , tankou deklarasyon temwen ; epi
- i) Endikasyon si petisyon an te prezante devan lòt òganis entènasyonal ki gen konpetans pou rezoud ka sa yo.
- j) Fotokopi dokiman yo pa bezwen ranpli okenn fòmalitye, sa vle di, li pa nesèsè pou yo sètifye yo, legalize yo, oubyen otantifye yo legalman. Menm si yo se kopi senp, sa sifi, depi yo ka li yo. Li pa nesèsè non plis pou w voye plizyè kopi nan yon menm dokiman.

An jeneral, Komisyon an p ap retounen ba ou yon dokiman ou voye kòm petisyon. Se poutèt sa ou pa dwe voye orijinal yo.

Ki kote m dwe voye Petisyon mwen?

Petisyon an ou kapab prezante li pesonèlman, li pa nesèsè pou w pase pa komisyon an, paske w ka voye li pa youn nan mwayen sa yo:

Petisyon an ou kapab voye l pa mwayen sa yo: Fòmilè elktwonik: www.cidh.org. Si w chwazi voye petisyon w pa mwayen sa a, ou kapab ekri petisyon ou a epi voye l sou sit entènèt komisyon an. Kourye elektwonik: cidhdenuncias@oas.org Fax: +1 (202) 370-9000 Correo postal: Komisyon enteramerikèn dwa moun 1889 F Street, N.W. Washington, D.C. 20006 Etazini

Kisa ki ka rive si komisyon an deside Leta a responsab zak vyolasyon dwa moun?

Komisyon an ap fè yon rapò soti sou nannan sa ki di a epi rapò a ap gen ladann rekòmandasyon yo fè bay Leta a ki kapab mande pou:

- 1) Kanpe zak vyolasyon dwa moun yo;
- 2) Eklèsi fè yo, epi mennen yon ankèt ofisyèl epi bay sanksyon ;
- 3) Repare tò ki fèt yo;
- 4) Fè kèk chanjman nan sa lwa yo di
- 5) Mande Leta a pou l pran lòt mezi oubyen lòt aksyon

Kisa ki ka rive si yon Leta pa respekte rekòmandasyon yo?

Komisyon an va deside:

- a) Pibliye ka a; oubyen
- b) Soumèt ka a bay lakou IDH (Entèameriken Dwa Moun) si yo jije li nesèsè.

Pwosedi nan komisyon enteramerikèn dwa moun

Komisyon an resevwa denonsyasyon vyolasyon dwa moun nan CIDH

- a) Komisyon an envite pati ki voye petyasyon an ak Leta a pou yo chita pou jwenn yon antant an zanmitay.
- b) Komisyon an kapab rekòmande Leta yon seri mezi espesifik pou pote koreksyon nan zafè vyolasyon dwa moun
- c) Nan ka Leta respekte rekomandasyon an, komisyon an kapab rann rapò sou ka a piblik oubyen entwodwi ka a nan kou enteramerikèn dwa moun

FOMILÈ POU PREZANTE YON PETISYON DEVAN CIDH (Lakou Entèamerikèn Dwa Moun)

<https://www.oas.org/es/cidh/manda/dokiman-bazik/fòmilè-prezante-petisyon-cidh.pdf>

Kisa kap pase si komisyon an decide soumèt ka a bay CIDH (Lakou Entèamerikèn Dwa Moun)?

Si komisyon an decide soumèt ka a bay CIDH la (Lakou Entèamerikèn Dwa Moun), komisyon an ap gen pou l analize epi lap fè soti yon desizyon ki byen fonde. Nan pwosesis devan lakou a komisyon an ap patisipe, Leta a ap patisipe, viktim yo ap patisipe.

Mo Kle

1. **Pati ki voye Petyasyon:** Se moun ki deklare Leta te leze, te diminye, afebli oubyen te menase yon dwa fondamantal.
2. **Prezime/viktim:** Yon moun oubyen yon gwoup moun ki ta afekte, yo lonje dwèt sou yo nan petyasyon an. Yo dwe detèmine moun ki ta viktim oubyen yo dwe kapab di kilès yo ye.
3. **Komisyon:** Siyifi komisyon enteramerikèn dwa moun

Sonje.....

✓ **Dwa moun prizonye:**

- Dwa pou li pa fè deklarasyon kont pwòp tèt li
- Dwa pou li gen yon avoka
- Dwa pou li fè yon apèl telefonik
- Dwa pou li enfòmè
- Dwa ke li prezime inosan
- Dwa pou entegrite l pwoteje
- Dwa pou li konn kisa yo repwoche l nan yon delè ki pa depase 48 è
- Dwa pou li parèt devan yon jij

✓ **Lè yo vyole dwa m, mwen prezante yon denonsyasyon devan ministè piblik, ki se antite ki ap drese yon ak denonsyasyon, nan ka sa a y ap fè denonsyasyon ka a e yo gen pouvwa pou yo fè swivi sou li. Otorite sa yo gen obligasyon la lwa fè yo ki se:**

- Resevwa denonsyasyon an.
- Konsidere li
- Mennen ankèt sou li.
- Mande pwoteksyon pou viktim nan.
- Idantifye responsab vyolasyon yo epi tradwi yo devan tribinal

✓ **Sistèm entèamerikèn dwa moun se sistèm entènasyonal ki pou rejyon amerik latin nan. Se peyi ki manm òganizasyon eta ameriken yo (OEA) ki ladan l, e Ayiti fè pati OEA. Li fè Leta yo obligasyon pou yo fè pwomosyon dwa moun epi pwoteje li, se pou sa yo kreye ògàn ki gen pou wòl veye si dispozisyon yo ap respekte pami yo ou jwenn komisyon enteramerikèn dwa moun. Prensipal nòm aplikasyon pou pwoteksyon dwa moun nan se konvansyon Amerikèn sou dwa moun, ‘Pak San Jose nan peyi Kosta Rika’ 1969**

✓ **Leta a kapab pote chay responsabilite vyole dwa moun konsa:**

- Nan Aksyon li (kòm konsekans yon bagay li fè, yon fason Leta a aji oubyen yon fason yon manm Leta a aji)
- Sa li dakò (Eta a dakò) lè Leta a bay konsantman l oubyen on ajan nan Leta a bay konsantman l)
- Sa li pa fè (ki se rezilta lè ajan Leta a pa fè sa l te dwe fè).

Bibliyografi

Liv

Ana Rodino, (2015). Educación en Derechos Humanos.

Comisión Interamericana de Derechos Humanos, (2012). Sistema de Peticiones y Caso. Folleto Informativo.

Jean-Frédéric Salès, Code du travail de le République d’Haiti mis à jour (1992), Presse de l’Université Quisqueya

Jean Vandal, Code civil d’Haiti mis à jour (2004), Bibliothèque National d’Haiti

Monisha Bajaj, (2003). Guía de Educación en Derechos Humanos. Flacso Rep. Dom.

Patrick Pélissier, Code des droits de l’homme, Conventions de droit international des droits de l’homme ratifiées par Haiti.

Patrick Pierre-Louis, Code Pénal mis à jour et annoté (2009), éditions Zémès

Patrick Pierre-Louis, Code d’Instruction Criminelle mis à jour et annoté (2009), éditions Zémès

Pierre Marie Michel, Manuel de procédure civile (2012), les Impressions IntraMédia

Red de Derechos Humanos y Educación Superior, (2014). Manual de Derechos Humanos de los Grupos Vulnerables.

Lwa ak dekrè

Repiblik Ayiti, Monitè #92, (26 desanm 1978), Lwa sou sèvis Imigrasyon ak emigrasyon

Repiblik Ayiti, Monitè # 81, (4 oktòb 2001), Lwa sou kontwòl ak represyon trafik dwòg ki ap fèt dèyè do lalwa.

Repiblik Ayiti, Monitè # 50, (7 jiyè 2005), Dekrè sou Kat Idantifikasyon Nasyonal

Repiblik Ayiti, (konstitisyon amande 9 me 2012) Konstitisyon Repiblik Ayiti

Repiblik Ayiti, Monitè# 79, (21 me 2012) Lwa sou entegrasyon moun andikape

Anèks

DEKLARASYON INIVESEL DWA MOUN

Entwodiksyon

Lè nou sonje desizyon rekonèt valè chak moun genyen nan li menm kòm moun, desizyon rekònnèt tout moun gen menm dwa egalego, dwa pèsonn pa ka wete nan men yo, e desizyon sa a se veritab baz libète, veritab baz lajistis ak lapè sou tè a .

Lè nou sonje inyorans ak mepri dwa moun, konn lakòz divès move zak sovaj, zak ki revòlte konsyans mezi moun sou tè a, san nou pa bliye, pi gwo espwa nou kòm moun, se yon jou va rive lè chak moun va gen libète lapawòl, libète pou li gen konviksyon pèsònèl li, yon lè tout moun va santi yo debarase ak lapèrèz ak lamizè sou tè a.

Lè nou sonje nesosite pou yon seri règleman ki pou pwoteje dwa moun sou tè a, dekwa pou lèzòm pa toujou santi yo oblije pran lèzam pou delivre tèt yo anba chèf k ap kraze brize moun k ap fè abi.

Lè nou sonje nesosite pou nou ankouraje tout nasyon tabli relasyon bon zanmitay nan mitan yo.

Lè nou sonje nan batistè Nasyonzini a menm, pèp peyi manm yo te retounen deklare ankò, yo gen lafwa nan dwa fondalnatal chak moun, lafwa nan diyite ak valè chak moun, lafwa nan dwa egalego pou ni fanm, ni gason.

Lè nou sonje tout peyi sa yo te pran pozisyon anfavè pwogrè sosyal sou tè a, epi yo te pran desizyon pou fè tout moun sou tè a jwenn plis libète ak pi bon kondisyon pou yo viv.

Lè nou sonje peyi manm yo te pran angajman, pou yo kole tèt ak Nasyonzini, pou fè respekte dwa moun ak libète ki endispensab yo, tout bon vre, toupatou sou la tè.

Lè nou sonje jan li enpòtan pou tout moun soti dakò sou sa dwa ak libète sa yo vle di, pou yo ka aksepte angajman sa a nan tout sans li.

Asanble Jeneral la pwoklame :

Deklarasyon Dwa Moun sa a fèt pou sèvi tankou pi gwo espwa pou tout moun, pou tout nasyon sou la tè. Y ap eseye reyalize li, yon fason, dekwa pou tout moun, tout enstitisyon ki fè pati la sosyete, ka pran deklarasyon sa a kòm gid, nan efò y ap fè, pou yo sèvi ak edikasyon, kòm mwayen pou fè respekte dwa ak libète ki nan deklarasyon sa a; nan efò y ap fè pou tabli bon jan règleman, pou soutni Deklarasyon sa a, ni lakay yo ni lòt kote. Règleman sa yo sipoze ranfòse, fè rekonèt epi fè aplike dwa ak libète ki nan Deklarasyon sa a, nan mitan popilasyon tout peyi nan Nasyonzini yo dabò epi nan popilasyon tout teritwa ki sou kòmmanman yo.

Deklarasyon Dwa Moun

Atik 1-

Tout moun sou tè a fèt tou lib. Tout gen menm valè (nan je la sosyete), tout moun gen menm dwa devan la lwa. Tout moun fèt ak yon bonsans, ak yon konsyans epi youn fèt pou trete lòt tankou frè ak sè.

Atik 2-

Chak grenn moun sou tè a fè pou benefisye libète ak dwa ki pwoklame nan Deklarasyon sila a, san okenn diferans, tankou diferans ki baze sou ras, sou koulè yo, sou si se fanm oswa gason. Pa fèt pou gen okenn diferans ki baze ni sou lang, ni sou relijyon, ni sou opinyon politik oswa lòt fason sèten moun panse; ni pa dwe gen diferans ki baze sou nasyonalite moun, klas sosyal yo, richès yo, ni sou okenn lòt rezonman ki fèt nan sans sa a. Pa fèt pou gen okenn diferans non plis, ki gen rapò ni ak sitiyasyon politik, ni ak kalite rapò relasyon diplomatik ki egziste ant peyi kote moun nan ye ak peyi a ak peyi kote moun nan sòti a, kit se yon peyi oswa yon teritwa endepandan, kit li anba drapo yon lòt peyi, kit li granmoun lakay li, oswa ta gen kèk règleman ki limite pouvwa peyi sila a pou li pran desizyon pou kont li.

Atik 3-

Se dwa chak moun pou li chache mwayen pou konsève lavi li, konsève libète li epi pwoteje tèt li.

Atik 4-

Pèsonn pa gen dwa fè okenn moun tounen esklav ni fòse okenn moun fè yon travay. Pa fèt pou gen ni esklavaj, ni komès esklav, kèlkeswa jan y ap fèt la.

Atik 5-

Yo pa gen dwa bat okenn moun, ni fè li pase mizè, ni fè li sibi lòt kalte soufrans pou fè li pèdi kontwòl li oswa fè li sispann konsidere tèt li kom moun, fè li tounen zonbi.

Atik 6-

Chak moun gen yon seri dwa lalwa ba li. Dwa sila yo fèt pou respekte toupatou sou tè a.

Atik 7-

Tout moun egalego devan lalwa. Lalwa fèt pou bay tout moun menm pwoteksyon, san distenksyon.

Lalwa fèt pou proteje tout moun menm jan, kont tout prejije deklarasyon sa a pa dakò ak yo epi tout pwovokasyon ki ka kreye kalite prejije sa yo tou.

Atik 8 –

Se dwa tout moun pou otorite lajistis nan peyi kote l ap viv la, ba yo bonjan konkou pou anpeche yo viktim moze zak ki dozado ak dwa, konstitisyon oswa lalwa peyi a ba yo e pèsonn pa sipoze wete nan men yo.

Atik 9-

Yo pa gen dwa rete konsa pou yo arete yon moun, ni pou fè yo fèmèn li nan prizon pou yo ekzile li san kòz.

Atik10-

Se dwa chak moun ki parèt devan lajistis, pou yo tandè kòz li menm jan ak pa lòt moun. Kòz chak moun fèt pou jije klè, san paspouki, devan yon tribinal ki pa nan patipri. Se tribinal sa a ki pou fè jijman sou dwa ak responsabilite moun nan. Se tribinal la tou ki pou deside si lalwa rekonèt te gen ase kòz pou yo mennen moun nan devan lajistis.

Atik 11-

1-Nenpòt ki moun yo ta akize pou move zak, yo dwe konsidere moun nan inosan, jiskaske lalwa vini rekonèt li kòm koupab; ou byen aprè yo fini tandè kòz la nan yon tribinal piblik. Tribinal sa a dwe bay moun nan tout mwayen pou li defann tèt li.

2-Yo pa fèt pou kondane okenn moun pou tèt li te aji yon fason ki pa bon si, lè moun nan t ap aji a pat ko gen okenn lwa peyi a, ni okenn lwa entènasyonal ki te ko deklare moun nan pa gen dwa aji fason sa a. Menm jan an tou, yo pa gen dwa bay okenn moun yon kondanasyon ki pi gwo pase sa lalwa te fikse pou move zak la, lè moun nan t ap komèt li a.

Atis 12-

Pèsonn pa fèt pou fouye nan lavi prive okenn lòt moun, nan zafè fanmi li, ni nan sa a k ap pase andedan lakay li. Pèsonn pa gen dwa fouye nan lèt yon lòt moun ekri oswa lèt li resevwa, ni fè anyen ki ka dezonore moun nan oswa fè li pèdi repitasyon li. Chak moun gen dwa pou lalwa ba li pwoteksyon kont zak fouyapòt ak medizan-malpalan sa yo.

Atik 13-

1-Chak moun gen dwa pou li sikile lib epi pou li chwazi ki bò li vle abite nan peyi kote lap viv la.

2-Nenpòt ki moun fèt pou gen dwa pati kite nenpòt ki peyi, menm si se peyi pa li. Se dwa moun nan pou li retounen nan peyi li lè lide li di li.

Atik 14

1-Lè gen pèsèkisyon, tout moun gen dwa cheche refij nan anbasad oswa teritwa lòt peyi. Se dwa tout moun pou benefisye pwoteksyon sa a.

2-Dwa sa a pa valab si y ap pouswiv moun nan pou yon krim lalwa kondane, oswa pou kèk ajisman ki pa ale nan menm sans ak entansyon epi ak prensip Nasyonzini yo.

Atik 15-

1-Se dwa chak moun pou li gen yon nasyonalite.

2-Pèsonn pa ka wete nasyonalite yon moun nan men li, ni retire dwa moun nan pou li chanje nasyonalite li.

Atik 16-

1-Depi yon gason ak yon fi majè, kèlkeswa ras yo, nasyonalite yo oswa relijyon yo, yo gen dwa marye epi fonde yon fanmi. De moun sa yo toujou egalego tout tan yo ansanm epi menm lè y ap kite.

2-Maryaj la pa ka fèt san se pa ak lib konsantman 2 moun ki pral marye yo.

3-Maryaj se asosiyasyon ki pi konsekan nan je lasosyete. Li fèt pou benefisye pwoteksyon lasosyete ak Leta.

Atik 17-

Se dwa chak moun pou li genyen yon byen, swa pou kont li swa nan tèt ansanm ak lòt moun.

Pèsonn pa ka rete konsa pou li deside wete byen yon moun nan men li.

Atik 18-

Se dwa chak moun pou li gen fason panse pa li, konviksyon ak relijyon lide li di li. Ak dwa sa a, chak moun sipoze lib chanje relijyon jan li vle, ak konviksyon li tou. Chak moun sanse lib nan fè antrenman, fè pratik, fè sèvis ak seremoni pou manifeste relijyon oswa kwayans li. Li sanse lib pou li fè tout bagay sa yo, swa pou kont li swa nan yon gwoup kit se devan tout piblik la, kit se yon kote apa.

Atik 19-

Se dwa chak moun pou li gen fason panse pa li. Epi pou li gen dwa lapawòl. Sa vle di tou, dwa pou pèsonn pa ba li pwoblèm poutèt fason panse li, epi li ka sèvi ak nenpòt kalite mwayen pou li swa mache chache, swa asepte, oswa resevwa enfòmasyon epi simaye yo tribò-babò, ak tout kalite lide.

Atik 20-

1-Tout moun lib pou fè reyinyon epi pran pa nan asosiyasyon san zam.

2-Yo pa gen dwa oblije pèsonn vini manm okenn asosiyasyon.

Atik 21-

1-Tout moun gen dwa patisipe nan direksyon zafè piblik peyi li. Gen 2 fason moun nan ka patisipe : swa li chache antre li menm-menm nan yon administrasyon Leta ; swa li pran pa nan yon eleksyon lib, pou chwazi moun ki pou dirije nan non li.

2-Tout moun gen dwa chache epi jwenn yon djòb nan Leta san parenn, ni piston.

3-Se sou volonte pèp, tout pouvwa ak otorite piblik repoze. Volonte sa a fèt pou manifeste nan eleksyon onèt, ki ta dwe fèt nan yon dat fiks, kote chak sitwayen gen libète vote nan sans li vle. Volonte pèp la gen dwa manifeste tou nan nenpòt lòt demach ki sanble ak eleksyon, kote chak sitwayen lib pou fè chwa ki nan gou li.

Atik 22-

Se dwa chak moun, kòm manm nan sosyete a, pou leta ba li garanti sekirite sosyal, sa vle di, mwayen pou li satisfè tout bezwen ekonomik, sosyal ak kiltirèl ki endispansab pou li pa pèdi diyite li kòm moun epi pou li devlope pèsonalite li alèz.

Demach pou jwenn sekirite sosyal sa a gen dwa fèt avèk konkou ajans ki tabli nan yon peyi oswa avèk konkou kèk ajans entènasyonal, selon fòm òganizasyon ak resous chak peyi.

Atik 23-

1-Chak moun gen dwa travay, dwa pou li deside ki travay li vle fè ou li pa vle fè. Se dwa li pou li travay nan bon kondisyon ki pa kont enterè li epi ki pwoteje li.

2-Se dwa tout moun ki fè menm kalite ak menm kantite travay, pou yo touche menm salè, san paspouki.

3-Se dwa chak moun k ap travay pou li touche salè ki koresponn ak travay l ap fè a. Li fèt pou touche dekwa pou li menm ak tout fanmi li ka mennen yon vi respektab. Chak fwa gen posibilite, yo fèt pou ta ajoute tout lòt mwayen pwoteksyon sosyal ki genyen sou salè sa a.

4-Tout moun gen dwa fè kolonn ak lòt moun pou fonde sendika oswa antre nan sendika ki la deja pou defann enterè yo.

Atik 24-

Tout moun gen dwa pran repo epi jwenn tan pou l anmize li. Se dwa moun nan pou li pa travay depase limit epi pou li gen peryòd konje peye si li se yon anplwaye.

Atik 25-

1-Se dwa chak moun pou li gen ase mwayen pou li bay tèt li ak fanmi li tout kalite swen nesesè tankou manje, rad, lojman, swen medikal ak tout lòt sèvis sosyal ki nesesè. Se dwa chak moun pou li gen yon apui pou ka maladi, donmaj, lanmò mari oswa lanmò madanm, vyeyès oswa nenpòt lòt ka oswa sikonstans kalamite ki ta vini fè moun nan pèdi mwayen li te genyen pou li viv.

2-Se dwa fi k ap akouche ak ti bebe nan kouchèt pou yo jwenn asistans ak pwoteksyon espesyal. Tout timoun, pitit ki fèt nan maryaj kou pitit ki pa fèt nan maryaj fèt pou benefisye menm pwoteksyon an.

Atik 26-

1-Se dwa tout moun pou yo ale lekòl. Lekòl leta fèt pou gratis sitou lekòl elemantè ak lekòl fondamantal. Lekol elemantè fèt pou obligatwa. Lekol teknik ak lekòl pwofesyonèl fet pou ala

pòte tout moun. Epi posiblite pou antre nan inivèsite ta dwe egziste pou tout moun, selon kapasite etid li.

2-Edikasyon fèt pou vize developman pèsonalite moun epi ranfòse respè Dwa Moun ak libète ki endispansab yo. Li fèt pou fasilite antant, tolerans ak zanmitay fleri nan mitan tout peyi a, tout kalite ras moun tout kalite relijyon. Edikasyon fèt pou ede Nasyonzini travay pou kenbe lapè sou tè a.

3-Manman ak papa se premye moun ki dwa deside ki kalite edikasyon yo ta renmen pitit yo resevwa.

Atik 27-

1-Se dwa chak moun pou li deside pran pa nan aktivite kiltirèl kominote a, jwi nan sa atis ak atizan ka ofri. Se dwa li tou, pou li patisipe nan pwogrè lasyans ap fè epi pou li benefisye tou nan avantaj aktivite sa yo pote.

2-Chak moun gen dwa defann enterè lalwa rekonèt li genyen ak lòt avantaj vizib ki soti nan nenpòt ki aktivite lasyans osinon travay atis ak entelektyèl k ap ekri liv.

Atik 28-

Se dwa chak moun pou li fè presyon sou lasosyete, ni nan peyi li, ni nan lòt peyi, pou lasosyete ranje zafè yo yon fason, dekwa pou dwa ak libète y ap pale nan Deklarasyon Dwa Moun sa a, ka reyalize tout bon vre.

Atik 29-

1-Chak moun gen yon seri obligasyon anvè kominote kote l ap viv la. Paske kominote a se sèl kote li kapab alèz pou li devlope pèsonalite li tout bon vre.

2- Lè yon moun ap egzèse dwa ak libète li, li pa fèt pou gen lòt limit pase sa lalwa fikse, pou anpeche moun nan pilonnen dwa lòt moun epi pou fè li obeyi tout prensip ki la pou fè respekte lalwa, respekte lòd piblik epi respekte byennèt lòt moun nan yon sosyete kote yo pratike demokrasi .

3-Kelkeswa sikonstans ki ta prezante, dwa ak libète sa yo pa ka sèvi pou fè anyen ki an dezakò ak vizyon epi ak prensip Nasyonzini yo.

Atik 30-

Pa gen youn nan dispozisyon sa yo ki nan Deklarasyon sa a, yo ka bay yon sans ki pou ta otorize yon nasyon, yon gwoup moun, oswa yon endividi mennen yon aktivite oswa komèt yon zak kap chèche detwi dwa ak libète ki nan deklarasyon sila a.

FÒMILÈ POU PREZANTE ON PETISYON DEVAN CIDH

Fòmilè sa a baze li sou enfòmasyon regleman komisyon entèamerikèn egzije pou fè swivi sou petisyon yo resevwa epi detèmine si genyen dwa moun ki vyole vre nan trete entènasyonnal Leta a ratifye. Enfòmasyon yo mande a, ou jwenn li nan atik 28 regleman CIDH la (Lakou Entèameriken Dwa Moun), nan tèm sa yo:

Atik 28. Kisa yo mande pou yo ka konsidere petisyon yo?

Petisyon yo voye bay komisyon an dwe gen ladann:

1. Non moun nan k ap denonse a, oubyen non moun k ap denonse yo, nan ka se yon asosiyasyon oubyen ONG ki t ap fè petisyon an, se reprezantan li an oubyen reprezantan legal yo ak Leta manm nan kote yo rekonèt li;
2. Si pati ki voye petisyon an pa vle yo di byen klè kilès li ye devan Leta ak lòt rezon yo
3. Adrès elektwonik pou yo ka resevwa lèt komisyon an ap voye, nimewo telefòn, faksimile ak adrès postal;
4. Yon relasyon ant sa ki pase a, zak yo denonse a ak ki kote egzakteman vyolasyon sa a yo pale a fèt;
5. Si sa posib, non viktim nan, non nempòt otorite piblik ki te okouran de zak yo denonse a;
6. Idantifye Leta, pati ki voye petisyon an konsidere kòm responsab vyolasyon an, nan aksyon oubyen nan sa li pa fè, kèlkeswa lòt vyolasyon de kelkeswa dwa moun yo konsakre nan konvansyon Amerikèn sou dwa moun ak lòt enstriman aplikab, menm si yo pa fè referans espesifik sou atik ki vyole yo;
7. Respekte delè yo prevwa nan atik 32 regleman sa a;
8. Jesyon yo antreprann yo pou fin itilize resous yo ki nan jiridiksyon entèn oubyen posibilite pou fèl selon atik 31 regleman sa a; ak
9. Endikasyon konsènan si denonsyasyon an yo te soumèt selon lòt pwosedi entènasyonal selon atik 33 regleman sa a.

Avan yon moun ranpli fòmilè sa a ki atache a, n ap priye w pou w li avèk anpil swen enstriksyon yo ki ap parèt pi devan.

ENSTRIKSYON

Ranpli fòmilè a fason ki pi konplè posib pandan n ap mete enfòmasyon disponib ki gen pou wè ak fè yo denonse yo. Silvouplè reponn kesyon yo nan tout ti detay, yon fason ki klè epi ki dirèk.

Si enfòmasyon yo mande yo, ou pa ka jwenn yo oubyen w pa ka voye yo, silvouplè di sa nan kaz ki rezève pou sa a

Si w bezwen plis espas pou w konplete fòmilè a, ou kapab reponn kesyon yo pandan w ap itilize lòt fèy anplis, oubyen ou ap redije petisyon w lan nan yon dokiman separe, kote w ap itilize kesyon yo poze nan fòmilè a kòm gid.

Ou ka voye petisyon an pa nenpòt nan mwayen sa yo:

Fòmilè elektwonik:

www.cidh.org

Si w chwazi voye petisyon w pa mwayen sa a, ou gen opsyon redije petisyon w nan nan on dokiman a pa epi voyel sou sit entènèt komisyon an.

Kourye elektronik:

cidhdenuncias@oas.org

Faks:

+1 (202) 370-9000

Pa lapòs:

Komisyon enteramerikèn dwa moun

1889 F Street, N.W.

Washington, D.C. 20006

Etazini

Sizoka ou voye petisyon an oubyen anèks yo pa lapòs, ou dwe byen kouvri li, byen plastifye li, mete bon kouvèti sou li

Tout petisyon oubyen tout kominikasyon dwe:

- Voye bay komisyon enteramerikèn dwa moun nan;
- Fèt nan lang Eta a, li dwe toujou yon lang ofisyèl OEA (Espanyòl, angle, franse, pòtigè; epoutan, si gen yon pwoblèm ki anpeche li fèt nan lang sa yo, ou ka kontakte komisyon an pou li ka fè yon konsiderasyon pou sa

FÒMILÈ

SEKSYON I. DONE PREZIME VIKTIM NAN AK PATI PETISYONÈ A

1. DONE PREZIME VIKTIM NAN (YO)

Silvouplè endike tout done nou gen sou moun oubyen gwoup moun ki sibi vyolasyon dwa moun yo. Voye di komisyon an tousuit nan lèt si prezime viktim yo vle chanje reprezantasyon an oubyen si yo vle mete tèt yo kòm pati ki voye petisyon an nan pwòp petisyon yo!

Si se nan ka ta genyen plis pase yon prezime viktim, silvouplè mete done pèsonèl yo nan seksyon enfòmasyon adisyonèl la.

Non moun ki ta viktim nan:

.....
.....

Non yo itilize pou idantifye moun nan (si li diferan de sa yo te mete avan an):

.....
.....

Sèks moun ki ta viktim nan: F..... M..... lòt.....

.....

Dat nesans li: (jou/mwa/ane):

.....

Kourye elektwonik moun ki ta viktim nan:

.....
.....

Adrès lapòs moun ki ta viktim nan: (Avèk endikasyon ri, avni, nimewo/nimewo bilding nan oubyen kay la, apatman an, vil la, Eta a, kòd postal peyi a):

.....
.....
.....
.....

Telefòn moun ki ta viktim nan (Bay kòd postal la si posib)

.....
.....

Faks prezime viktim nan (Bay kòd postal la si posib)

.....
.....

Eske gen nan viktim yo ki pa lib?

Non..... Wi.....

Enfòmasyon anplis sou moun ki ta viktim nan (yo):

.....
.....
.....
.....
.....
.....

2. Done sou manm fanmi yo

Silvoulè bay done sou manm fanmi pwòch moun ki ta viktim yo ki ta soufri domaj ki gen pou wè ak vyolasyon dwa yo kòm moun.

Non manm fanmi yo ak lyen parante yo genyen ak moun ki ta viktim nan:

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

Adrès elektwonik manm fanmi yo:

.....
.....

Adrès lapòs manm fanmi yo: (Avèk endikasyon ri, avni, nimewo/nimewo bilding nan oubyen kay la, apatman an, vil la, pwovens la, Leta a, kòd postal peyi a):

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

Telefòn manm fanmi yo (Endike kòd postal yo si posib):

.....
.....

Faks manm fanmi yo (Endike kòd postal yo si posib):

.....
.....

Enfòmasyon anplis sou manm fanmi yo:

.....
.....
.....
.....
.....
.....

3. DONE POU PATI VOYE PETISYON AN

Silvoup lè endike done moun oubyen gwoup moun ki prezante petisyon an.

Li Enpòtan pou voye di komisyon an tousuit kèlkeswa chanjman ki fèt nan enfòmasyon kontak yo!

Non pati ki voye petisyon an oubyen plizyè pati ki voye petisyon yo (si se nan ka yon òganizasyon sosyete sivil, fòk yo mete kantite reprezantan legal ki ap genyen pou resevwa kominikasyon yo. Nan ka se ta plis pase yon sèl òganizasyon, fòk yo plase done yo nan chan fòmasyon anplis la)

.....
.....
.....
.....
.....

Sig òganizasyon an (si yo itilize Sig):

.....
.....

Adrès elektwonik (imel) pati ki voye petisyon an:

.....
.....

Adrès lapòs pati ki voye petisyon an (Avèk endikasyon ri, avni, nimewo/nimewo bilding nan oubyen kay la, apatman an, vil la, pwovens la, Eta a, kòd postal peyi a):

.....
.....
.....
.....

Telefòn pati ki voye petisyon an (Endike kòd postal la si posib)

.....
.....

Faks pati ki voye petisyon an (Endike kòd postal la si posib):

.....
.....

(NOT: Komisyon an mande yon adrès elektwonik (imel) pou l kapab voye enfòmasyon ki gen pou wè ak petisyon an. Si li pa jwenn yon adrès imel, fòk yo bay yon adrès lapòs avèk ri a, avni an, nimewo bilding nan, oubyen nimewo kay la, nimewo apatman an, vil la, Eta a, pwovens lan, kòd postal la, peyi a.

Nan kèk ka, komisyon an kapab kache idantite pati ki voye petisyon an, lè sa se mande pou yo mande sa epi bay rezon yo (atik 8.2). Sa vle di se sèlman non, moun ki ta viktim nan vle y ap kominike bay Leta a, nan ka CIDH deside fè swivi a petisyon an.

Tandiske li posib pou w kenbe an rezèv non pati ki prezante petisyon an, fè swivi yon petisyon endividyèl mande pou w konnen idantite moun ki ta viktim nan (kiyès li ye, kiyès yo ye, ki gwoup yo ye?)

Nan ka eksepsyonèl, komisyon an kapab kache idantite moun ki ta viktim nan pou piblik la pa konnen kiyès nan dokiman k ap pibliye yo, pa egzanp, li kapab ranplase non konplè moun nan ak inisyal li oubyen ti non jwèt yo bay moun nan. Ou kapab fè komisyon an demann pou kache idantite moun nan, w ap sèlman eksplike men pou ki rezon.

Sizoka pati ki prezante petisyon an ak moun ki ta viktim nan se menm moun nan epi li vle yo kache idantite moun nan kòm moun ki voye petisyon an, yo dwe prezante petisyon an kòm tyès pèsòn. Yon egzanp sou sa ta kapab: Prezime viktim nan di..... (O lye de" mwen te viktim)

Ou vle CIDH kenbe idantite w kache kòm pati ki voye petisyon an pandan pwosedi a
Wi..... Non.....

Bay rezon ki fè pou yo kache idantite a:

.....
.....
.....

Enfòmasyon anplis sou pati ki prezante petisyon an:

.....
.....
.....
.....

4. Asosyasyon avèk yon petisyon oubyen mezi prekosyon

Eske w te prezante yon petisyon sou menm fè sa yo?
Non.....Wi..... (Si wi, endike nimewo petisyon an):

.....

Eske ou te depoze demand mezi prevansyon devan komisyon an pou menm fè sa a?
Non.....Wi..... (Si se wi, bay nimewo referans lan):

.....

Seksyon II. Fè Denonse

1. LETA MANB OEA YO AP PREZANTE PETISYON AN KONT LI A

.....
.....

2. Fè yo

Eksplike fè yo repwoche yo nan fason ki pi konplè ak tout detay posib epi bay yo nan lòd tan yo te pase, kisa k te fèt avan, kisa ki fèt apre. Di ki kote egzakteman, bay dat la ak nan ki sikonstans zak vyolasyon dwa moun sa yo te fèt.

Sonje, petisyon w lan, ou dwe prezante li nan lang peyi ki konsène a. Si sa pa posib, bay rezon yo. (Ajoute plis paj posib si nesèsè oubyen mete avèk li yon dokiman apa kote w ap dekri fè yo repwoche yo)

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

3. OTORITE YO LONJE DWÈT SOU YO KÒM RESPONSAB

Idantifye moun yo oubyen otorite yo konsidere responsab pou fè yo denonse yo, epi bay kèlkeswa enfòmasyon anplis epi pou yo di poukisa yo rann Eta a responsab zak yo repwoche li yo.

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

4. Dwa yo estime ki vyole yo

Bay dwa yo konsidere ki vyole yo. Si posib, dwa deklarasyon ameriken dwa moun nan rekonèt, epi ki vyole, konvansyon ameriken sou dwa moun ak lòt trete enterameriken dwa moun. Si w vle konsilte lis dwa moun ak trete yo, ale nan feyè ki bay enfòmasyon sou sistèm petisyon yo ak kèk ka CIDH, an patikilye kesyon ak repons ki konsène dwa moun nan sistèm enterameriken nan.

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

Seksyon III. Resous jidisyè ki gen pou misyon rezoud fè yo denonse yo

Detaye aksyon moun ki ta viktim yo oubyen pati ki prezante petisyon yo fè devan ògàn jidisyè yo. Eksplike kèlkeswa resous yo te prezante devan otorite nasyonal yo, pa egzanp resous devan otorite administratif yo, si yo te gentan eseye ale devan yo.

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

.....
.....
.....
.....

Sizoka li pat posib pou yo te fin itilize tout resous entèn yo, itilize opsyon yo bay pi devan yo epi eksplike poukisa li pat posib pou sa te fèt:

- () Gen reta ki pa jistifye nan pran yon desizyon final sou ka a;
- () Lwa entèn yo pa asire pwosè legal pou kesyon dwa yo di ki vyole yo;
- () Yo pat pèmèt aksè a resous entèn yo oubyen yo pa t kite l epwize yo;

Silvouplè eksplike rezon yo:

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

Di si te genyen yon ankèt jidisyè epi kilè l te kòmanse. Endike kilè li fini epi ki rezilta sa te bay. Si li pa t fini poukisa.

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

Si li koresponn, endike dat yo te voye bay pati yo dènye desizyon final la:
...../...../..... (Jou/mwa/ane).

Seksyon IV. Prèv disponib

1. PRÈV

Prèv disponib yo va genyen ladann dokiman ki kapab pwouve vyolasyon dwa moun yo denonse yo (pa egzanp, aksyon prensipal yo, oubyen pyès (dosye) jidisyè oubyen administratif, rapò mediko-legal, fotografi, videyo, ak anpil lòt). Nan etap inisyèl la li pa nesesè pou w voye tout dokimantasyon ki disponib la; li itil pou prezante desizyon yo ak prensipal aksyon yo.

- ❖ Si li posib, kole kopi papyè oubyen elektwonik dokiman sa yo. Li pa nesesè pou kopi sa yo oblije sètifye, legalize, ni legalman otantik.
- ❖ Silvouplè pa voye orijinal yo. Komisyon an pa retounen dokiman yo te voye ba li kòm petisyon.
- ❖ Si li pa posib pou yo voye dokiman yo, yo dwe eksplike poukisa epi di si lap voye yo nan yon tan ki pi lwen. Nan tout ka yo, li dwe endike dokiman pètinan ki kapab pwouve fè yo repwoche yo.
- ❖ Dokiman yo dwe nan lang Leta a, li dwe toujou nan youn nan lang ofisyèl OEA (Panyol, Angle, pòtigè, oubyen franse). Si li pa posib, yo dwe eksplike pouki rezon li pa nan lang sa yo

Konte oubyen bay prèw ki bay petisyon an jarèt, si posib, idantifye tout sa w ap voye ansanm ak petisyon w nan:

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

2. TEMWEN

Idantifye, si posib, temwen yo nan ka zak yo denonse yo. Si moun sa yo te fè deklarasyon devan otorite, bay yon kopi senp temwanyaj yo devan otorite jidisyè oubyen endike si yo ka voye yo nan yon tan ki pi lwen. Endike si yo kache idantite temwen yo ou pa (temwen gason oubyen temwen fanm).

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

SEksyon V. Lòt denonsyasyon

Endike si sa yo te deja prezante yo devan komite dwa moun nasyonzini oubyen lòt ògàn entènasyonal Non..... si Wi, ki ki rezilta ki jwenn:

.....
.....

Enfòmasyon anplis (Itilize espas sa a pou nenpòt enfòmasyon anplis ou panse ki enpòtan):

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

SEksyon VI. MEZI PREKOSYON

Nan kèk ka grav ak ijan, komisyon an kapab mande yon Eta pou l adopte mezi prekosyon pou fè prevansyon zak ki pa ka repare pou moun oubyen pwosesis la.

Pou konnen kritè komisyon an itilize nan pratik li, ou kapab ale sou: www.oas.org/es/cidh/decisiones/cautelares.asp, kote yo pibliye chak moman yon rezime mezi prekosyon yo

ki pran yo. Enfòmasyon yo mande a n ap jwenn li nan atik 25 regleman CIDH, nan tèm sa yo nou pwal jwenn la a:

Atik 25. Mezi Prekosyon

1. Si li baze li sou atik 106 nan chat òganizasyon Eta Ameriken yo, Atik 41.b konvansyon ameriken sou disparisyon fòse, komisyon an gen dwa pran desizyon li pou kont li oubyen yon pati kapab mande Leta a pran Mezi Prekosyon. Mezi sa yo kapab kole oubyen konekte ak yon petisyon, yon ka, yo va gen relasyon ak sitiyaasyon grav oubyen sitiyaasyon ijans ki prezante yon risk pou l koze mal oubyen tò ki pa ka repare pou moun yo oubyen objè yon petisyon oubyen yon ka ki ap tann devan ògàn sistèm enteramerikèn.
2. Lè yo pran desizyon yo mansyone nan paragaf 1 an, komisyon an kapab konsidere:
 - a. “Gravite sitiyaasyon an”, vle di enpak serye sa ki fèt oubyen sa ki pa fèt kapab genyen sou yon dwa pwoteje oubyen yon efè evantyèl yon desizyon ki ap tann, nan yon ka oubyen nan yon petisyon ki devan ògàn sistèm enteramerikèn nan;
 - b. “Ijans nan sitiyaasyon an” yo defini li kòm enfòmasyon ki endike yon risk oubyen yon menas ki pre pou rive oubyen ki kapab rive, kote y ap mande aksyon prevantiv oubyen yon aksyon ki pwoteje; epi
 - c. “domaj ireparab” siyifi zak ki fèt sou dwa moun ki nan nati zak la menm li pa ka repare, pa gen mwayen pou w repare zak sa a ditou, ni yo pa ka jwenn yon endamnizasyon ki adekwa.
3. Mezi pwoteksyon yo kapab pwoteje moun oubyen gwoup moun, depi yo kapab detèmine benefisyè a oubyen benefisyè yo, an fonksyon de zòn jewografik la oubyen apatenans yo nan yon gwoup, yon vilaj, yon kominote oubyen yon òganizasyon.
4. Nan demann mezi prekosyon k ap fèt bay komisyon an, pami plizyè eleman w ap jwenn ladann genyen:
 - a. Done moun yo pwopoze kòm benefisyè yo, oubyen enfòmasyon ki ka ede detèmine moun sa yo;
 - b. Yon deskripsyon detaye, dat apre dat sou fè yo ki apiye demann la ak nenpòt lòt enfòmasyon ki disponib; ak
 - c. Deskripsyon mezi pwoteksyon yo mande yo.
5. Avan komisyon an pran yon desizyon sou demann mezi pwoteksyon yo, li ap mande Eta ki konsène a enfòmasyon sou dosye a, sof lè zak la tèlman cho cho li pa bay tan, li pa admèt delè.

Nan ka sa a, komisyon an ap revize desizyon yo adopte a pi vit posib, oubyen nan pwochèn peryòd sesyon an pou pi ta, pandan y ap pran an kont enfòmasyon tout pati yo pote.
6. Lè komisyon an fin konsidere demann lan, l ap pran ankont kontèks la ak eleman sa yo:
 - a. Denonse sitiyaasyon risk la devan otorite responsab yo, epi bay motif poukisa sa pat rive fèt.
 - b. Idantifikasyon endividyèl pwopozisyon benefisyè yo de mezi prekosyon yo oubyen pou yo detèmine nan ki gwoup yo ye oubyen a ki gwoup yo lye; e
 - c. Konfòmite eksprès moun ki ta ka benefisyè yo, lè se on tyès pèsonn ki prezante demann lan, sof nan sitiyaasyon kote pa gen konsantman ki kapab jistifye sa.
7. Desizyon pou yo elaji, modifiye, leve mezi prekosyon yo, mezi sa yo pran atravè rezolisyon fondamantal ki va genyen ladan yo, eleman sa yo:
 - a. Deskripsyon sitiyaasyon benefisyè yo;

- b. Enfòmasyon Leta a pote, ou ka konte sou li;
 - c. Konsiderasyon Komisyon an sou sa li kalifye kòm bagay grav, ijans, ak ireparabilite;
 - d. si li ka aplike, dire mezi pwoteksyon yo; ak
 - e. vòt manb komisyon an.
8. Lè komisyon an bay mezi sa yo epi Leta ki konsène a dakò ak yo, sa pa vle di deja genyen vyolasyon dwa ki pwoteje nan konvansyon ameriken nan sou dwa moun oubyen lòt enstriman ki aplikab.
 9. Komisyon an va evalye mezi pwoteksyon ki an vigè yo dofis oubyen sou demann yon pati nan lide pou kenbe yo, modifiye yo, oubyen leve yo. Nan kèlkeswa moman an, Leta a kapab prezante yon pètisyon ki fonde pou komisyon an kapab kite mezi pwoteksyon an vigè yo san efè. Komisyon an va mande obsèvasyon yo a moun ki benefisyè yo avan yo pran desizyon sou pètisyon Eta a. Prezantasyon demann sa a pap kanpe mezi prekosyon ki an vigè yo.
 10. Komisyon an kapab pran mezi swivi apwopriye, pa egzanp, li kapab mande pati enterese yo enfòmasyon enpòtan sou nenpòt bagay ki lye ak obsèvan mezi pwoteksyon yo, si yo toujou an vigè.

Mezi sa yo ka gen ladann, lè yo twouve sa nesèsè, kalandriye egzekisyon, odyans, reyinyon travay, vizit swivi ak revizyon.

11. Anplis sa nou te pale de li nan pwèn 9 la, komisyon an kapab leve oubyen revize yon mezi pwoteksyon lè benefisyè yo oubyen reprezantan yo, nan yon fòm ki jistifye, decide pa bay komisyon repons satisfèzan sou sa Leta fè pou egzekisyon li.
12. Komisyon an kapab prezante yon demand mezi pwovizwa devan lakou enterameriken selon kondisyon ki etabli yo nan atik 76 regleman sa a. Si nan afè a yo te bay mezi pwoteksyon, mezi sa yo ap toujou aplike jiskaske lakou a voye di pati yo ki rezolisyon ki soti sou demand yo a.
13. Lè lakou Entèameriken rejte yon demand mezi pwovizwa, komisyon an pap konsidere yon nouvo demann mezi pwoteksyon, sòf si genyen nouvo fè epi yo dwe jistifye nouvo fè sa yo. Nan tout fason, komisyon an kapab chèche itilize lòt mekanis pou li jere sitiyaasyon an.

Si ou vle prezante yon demann mezi pwoteksyon, ou dwe ale sou bilten enfòmatif sou sistèm pètisyon yo ak ka CIDH yo, an patikilye a repons ki lye a sitiyaasyon gravite ak ijans epi konplete fòmilè demann mezi pwoteksyon an.

FÒMILÈ POU SOLISITE MEZI PWOTEKSYON

SEKSYON I: DONE SOU BENEFISYÈ YO PWOPAZE A

ak PATI KI AP FÈ DEMANN LAN

DONE SOU BENEFISYÈ YO PWOPAZE

Tanpri endike done moun oubyen gwoup moun benefisyè pwopaze yo

Non benefisyè pwopaze a:

.....
.....
.....

Non yo itilize pou idantifye l la (si e li diferan de sa yo te mete nan chan avan an):

.....

Ki sèks benefisyè pwopaze a: F..... G..... Lòt.....

Dat li fèt: (jou/mwa/ane)

.....
.....

Kourye elektwonik benefisyè pwopaze a:

.....

Adrès lapòs benefisyè pwopaze a: (ak endikasyon ri, avni, nimewo, nimewo kay la, bilding nan, apatman an, vil, Eta, pwovens, kòd postal):

.....
.....
.....

Telefòn benefisyè pwopaze a:

.....

Faks benefisyè pwopaze a (mete kòd postal la si posib):

.....

Eske benefisyè pwopaze yo pa lib?

Non..... Wi.....

Enfòmasyon anplis sou benefisyè pwopaze yo:

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

2. DONE KI SOTI BÒ KOTE PATI K AP MANDE a (pati k ap fè demann nan)

Tanpri endike done moun oubyen gwoup moun ki prezante demann mezi pwoteksyon yo. Sizoka se ta plis ke yon pati ki mande, plase done yo nan chan enfòmasyon adisyonèl la.
Sig Oganizasyon an (si li aplike):

.....
.....
.....
.....
.....

Kourye elektwonik(imel) pati k ap fè demann nan:

.....
.....

Adrès lapòs pati ki mande a: (ak endikasyon ri, avni, nimewo, nimewo kay la, bilding nan, apatman an, vil, Eta, pwovens, kòd postal):

.....
.....
.....
.....

Telefòn pati ki mande a (si posib, bay kòd postal la):

.....
.....

Faks pati ki mande a (si se posib bay kòd postal la):

.....
.....

(Nòt: Komisyon an mande yon adrès elektwonik (imel) pou yo kapab voye nouvèl ki genpou wè ak petisyon an. Si pa genyen adrès elektwonik, bay adrès lapòs la avèk (ak endikasyon ri, avni, nimewo, nimewo kay la, bilding nan, apatman an, vil, Eta, pwovens, kòd postal)

Enfòmasyon anplis sou pati kifè demand lan:

.....
.....
.....
.....
.....

Nan ka se yon kolektif ki fè demann mezi pwoteksyon an, endike pou konbyen benefisyè pwopoze yo ka rive konsa, ki kote kolektif la ye epi ki karakteristik manm yo genyen pou yon moun kapab idantifye yo:

.....
.....
.....
.....
.....

Nan kèk ka, komisyon an kapab kache idantite pati ki fè demand lan, si yo mande li sa aklè, epi si yo ba li rezon yo (atik 8.2). Sa vle di se sèlman non pati ki voye petisyon an pwopoze y ap bay Leta a, nan ka CIDH la ta pran yon rezolisyon pou bay mezi pwoteksyon yo.

Tandiske li posib pou w kenbe non pati ki fè demand lan sekre, swivi yon demann mezi pwoteksyon mande pou yo fè konnen idantite benefisyè pwopoze a (ki moun li ye? Ki moun yo ye? Ki gwoup?). Nan ka eksepsyonèl, komisyon an kapab kache idantite benefisyè pwopoze a pou piblik la nan dokiman l ap pibliye yo, pa egzanp atravè ranplasman non an pa yon inisyal oubyen pa ti non jwèt. Demann pou yo kache non benefisyè pwopoze a se komisyon an ki dwe fè li, avèk bon rezon kòm agiman.

Nan ka benefisyè pwopoze a ak moun ki fè demand lan se menm moun nan epi yo ta vle kache idantite li kòm pati ki fè demand, demann lan dwe eksprime kòm tyès pèsòn. Yon egzanp kapab: " benefisyè pwopoze a di..... (Olye de "mwen te viktim de)

Ou vle CIDH kache idantite w kòm solisitan an rezèv pandan pwosedi a?

Non..... Wi.....

Silvoulè eksplike rezon yo:

.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....
.....

3. Asosyasyon avèk yon petisyon

Ou te prezante yon petisyon avan sou menm fè yo? Non..... Wi.....

Si wi, endike nimewo petisyon an: P-.....

Seksyon II: Eksplike fè yo (sa ki te pase yo)

1. ETA MANM OEA YO PREZANTE ON DEMANN MEZI PWOTEKSYON KONT LI.

.....
.....
.....

2. FÈ K AP SOUTNI DEMANN MEZI PWOTEKSYON YO.

Sonje ke demann mezi pwoteksyon w lan dwe prezante nan lang peyi konsène a. Si sa pa posib eksplike pou ki rezon li pa posib.

.....
.....
.....
.....
.....
.....

.....
.....
.....
.....

a) Ba yo yon detay, espesifik, dat apre dat nan lòd, sou fè ki fenk pase yo ki se baz demann mezi pwoteksyon sa yo (yo mande pouw eksplike zak yo men piga w depase 5 paj)

.....
.....
.....
.....
.....
.....

b) Eksplike rezon ki fè zak ki denonse a ta grav, ijan, epi pou l ta mande mezi pwoteksyon pou prevni tò ki pa ka repara.

.....
.....
.....
.....
.....
.....

c) Di si yo te deja prezante denonsyasyon oubyen demann bò kote otorite konpetan yo sou sitiyasyon yo denonse a. Nan ka yo pat prezante l devan yo eksplike rezon yo.

.....
.....
.....
.....

d) Sizoka yo konte sou yon mezi pwoteksyon kèlkonk ki ta soti bò kote Leta a, silvouplè endike sa.

.....
.....
.....
.....
.....
.....

e) Nan ka sitiyasyon an ta gen pou wè ak pèn lanmò, endike si gen yon dat ki fikse pou egzeksyon an.

.....
.....
.....
.....
.....
.....

f) Sizoka sitiyasyon an ta gen pou wè ak disparisyon fòse prezime, endike dat disparisyon sa a ta fèt.

.....
.....
.....
.....
.....

.....

g) Sizoka sitiyaasyon an ta gen pou wè ak yon posib depòtasyon oubyen ekstradisyon, silvoulè endike si ta genyen yon dat ki fikse konsènan sa.

.....

.....

.....

.....

.....

1. Di ki dwa selon ou menm ki ta gen risk pou yo vyole li

.....

.....

.....

.....

SEksyon III: Dokiman Pètinan

Mete tout dokimantasyon ou konsidere ki enpotan nan sitiyaasyon yo prezante a

- ❖ Si li posib mete kopi papyè, kopi elektwonik dokiman sa yo. Li pa nesèsè pou kopi yo sètifye, gen so, dijitalize, otantifye legalman.
- ❖ Silvoulè pa mete orijinal yo. Komisyon an pap retounen ba w dokiman ou te voye ba li nan kad on demann mezi pwoteksyon.
- ❖ Si li pa posib pou w voye dokiman yo, ou dwe eksplike poukisa epi endike si yo kapab voye yo yon lòt fwa. Nan tout ka yo, yo dwe endike ki dokiman ki enpòtan pou pwouve zak yo denonse a.
- ❖ Dokiman yo dwe nan lang Eta a, li dwe toujou yon lang ofisyèl OEA (panyòl, Angle, pòtigè ou franse) Si sa pa posib, yo dwe eksplike rezon yo.